ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№104 (25.010) • 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 29, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



# Зыкъыщ1агъэкъуэнущ жылагъуэми зэгухьэныгъэхэми

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ республикэм и комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.**

ЦIЫХУХЭР наркотикым демыгъэхьэхыным хуэунэтIа хабзэхэр зэрылажьэм, абы ебакъуэу наркотикхэр зэзыхьэлIэхэм зэрапэщIэтым, щIэпхъаджащIэхэр къызэрагъуэтымрэ абыхэм къагъэсэбэп Iэмалхэр зэрыхузэпаудымрэ ятеухуауэ къэпсэлъащ республикэм и прокурор Хабаров Николай. КъинэмыщIауэ, зэIущIэм и гугъу щащIащ мы Iуэхум жылагъуэ, хьэрычэтым пымыщIа зэгухьэныгъэхэм хащIыхьыфынум, УФ-м наркотикхэм япэщIэтынымкIэ и къэрал политикэ стратегиер гъэзэщIэн, республикэм и районхэм лэжьыгъэр щегъэфIэкIуэн зэрыхуейм.

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и лэжьакIуэхэм.**

# Зэрагъэпэщыж икIи куэду яухуэ

ЗЭХУЭСЫМ хэтахэр тепсэлъыхьащ иужьрей илъэситхум щIыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ игъуэта зыужьыныгъэм.

Къапщтэмэ, а лъэхъэнэм къриубыдэу къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Аушыджэр, Къэщкъэтау, Бабугент, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ жылэхэм дэт еджапIэхэр - ныбжьыщIэ мини 2,3-м щIигъум- рэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ иджы йокIуалIэ щIэныгъэ егъэгъуэтын Iуэхум сыткIи хуэщIа еджапIэхэм.

«Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» егъэджэныгъэ центру 11 къыщызэIуахащ, спорт зал псори щызэрагъэпэщыжащ щIыналъэм. Зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм зэкIэ нэмысахэм щакIэлъыплъ IуэхущIапIэхэм къыпащIыхьащ сабии 140-рэ щаIыгъын щIыпIэхэр, Къэщкъэтау дэт «Нюр» сабий садри зэрагъэпэщыжащ.

Аушыджэр амбулаторэ, Къэщкъэтау цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапIэ щаухуащ, ардыдэм щIыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм и къудамэр, Жэмтхьэлэ и амбулаториер, Балъкъэр Ипщэм дэт сымаджэщыр щызэрагъэпэщыжащ.

Къэщкъэтау сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей щыхуагъэзащ ЩэнхабзэмкIэ унэр, Къэщкъэтаурэ Балъкъэр Ипщэмрэ иджырей библиотекэхэр къыщызэрагъэпэщащ, Аушыджэр ЩэнхабзэмкIэ унэ щаухуащ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэхэм ящыщщ Сатушир - Аушыджэр псы кIуапIэр зэраукъуэдияр, Къарэсу - Бабугент - Къэщкъэтау - Аушыджэр псы кIуапIэр къэзыгъэсэбэпхэм хупадзащ яIэрыхьэм къыхэзыгъэхъуа бжьамийхэр, Жэмтхьэлэрэ Балъкъэр Ипщэмрэ дэсхэм псы зэрыхуаутIыпщ бжьамийхэри къагъэщIэрэщIэжащ. ЩIыналъэм и нэхъ жылэшхуэ зыбжанэм иджы псыр яIэрохьэ щызэблэу къэмыхъуу.

ЩыIэ мардэхэм изагъэу зыхуей хуагъэзащ гъуэгуу 11. ЦIыху зэхуэсыпIэу 18-рэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэу 5-рэ зэIузэпэщ ящIащ.

Мы илъэсым къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж Балъкъэр Ипщэм дэт еджапIэр, абы нэмыщI Безенги жылэм иджырей библиотекэм хуэдэ къыщызэIуахынущ, а жылэмрэ Зэрэгъыжымрэ спортзалхэр щащI.



ЗэIущIэм хэтахэр зи чэзу Iуэху куэдым тепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, Къарэсурэ Безенгирэ зэпызыщIэ гъуэгум, езы Безенги и къуажэкIуэцI гъуэгухэм, апхуэдэуи Балъкъэр Ипщэм хуэкIуэм я гугъу ящIащ - ари зэгъэпэщыжын хуейщ.

Гулъытэ зыхуащIахэм ящыщщ Шэрэдж щIыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм адэкIи зегъэужьыныр, Жэмтхьэлэ Ипщэм и сабий садыр зэгъэпэщыжын, щIэ ухуэн зэрыхуейр, Аушыджэр спортзал, Къарэсу еджапIэ щащIыну къазэрыпэщытыр.

Шэрэдж щIыналъэм дежкIэ къалэн нэхъыщхьэу зэхуэсым къыщалъытахэм хэплъэнурэ ахэр щызэфIагъэкIыну пIалъэхэри яубзыхунущ.



## Хэхыныгъэхэм ипэ къихуэу

3-нэ нап.



## Кхъужьей жыгым и тхыдэр

9-нэ нап.



## ЩIалэгъуалэр дэни нос

10-нэ нап.



## И лъабжьэщ IуэрыIуатэр

12-нэ нап.

● Гу зылъытапхъэ

## ПэкIум фрагъэблагъэ

2026 гъэм фокIадэм и 3-м Налшык къалэм, Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм деж иIэ утыкум щызэхэтынущ Терроризмэм и бий бэнэныгъэм щызэкъуэувэным и махуэм теухуа пэкIу.

Зэхуэсым щыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ. Республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ пэкIум фыхэтыну фыкъыдогъэблагъэ!

# Илъэсищщэр зи гъуэгуанэ

**ГуащІэм зэщІэкІуэ иІэкъым, жаІэ адыгэхэм. ЗэщІэмыкІуэж лъэкІыныгъэрэ ерыщагъырэ къызыкъуихри, гуащІафІэу икІи купщІафІэу гъуэгуанэ дахэ къикІуащ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 ирикъуа, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я бзэр, ІуэрыІуатэр, литературэр, тхыдэр, щэнхабзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым. Илъэсищщэр зыфІэмэщІэн щыІэнщ, ауэ щІэныгъэхутэ институтым и лэжьакІуэхэм а мащІэм кърагъэтІэсэфа куэдым ухэплъэжу, щІыналъэм и щІыдэлъху лъэпкъитІым язым ущыщу зыкъыщыпщтэжкІэ, зумыгъэщІэгъуэни плъэкІынукъым, умыгушхуэни пхузэфІэкІынукъым. Илъэсищэ гъуэгуанэр къызэрымыкІуэу инщ, институтым къиІэта лэжьыгъэр зэплъытын щыщыІэм деж.**

ТХЫГЪЭБЗЭ зимыІэ бзэхэм – адыгэбзэмрэ къэрэшей-балъкъэрыбзэмрэ – пІалъэ кІэщІ дыдэм къриубыдэу алыфбей хузэхэзыгъэувари, бзэхабзэхэр къызэщІикъуэу грамматикэхэр хузэхэзылъхьари, псалъалъэхэр хуэзыщІари, лъэпкъ тхыдэхэр къэтІэщІыжынымкІэ къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІари, ІуэрыІуатэхэр зэхуэзыхьэсыжари, нэгъуэщІ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд зэфІэзыхари институтырщ. Шэч къызытумыхьэжын Іуэхущ: адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я лъэпкъ щІэжыр хъумэныр, згъэужьыныр, гъуэгу захуэ тегъэувэныр пщэрылъу къапщтэмэ, институтым хуэдэу ар нэгъуэщІым зэи хузэфІэкІынтэкъым – пэжыр араща, ар абы нэсу къехъулІащ. Дунейм щыщыІэ щытыкІэм дыкъыхуоплъэкІыжри, сыт хуэдиз лъэпкъ иджыри щыІэ, институтым цІыхубэм бгъэдилъхьэжа хъугъуэфІыгъуэхэм хуэдэ ямыІэу?! МащІэкъым. Ауэ арагъэнкъым нэхъыщхьэр. Институтым хузэфІэкІащ щІэныгъэ тегъэщІапІэ лъэщхэр зиІэ къэхутэныгъэ куухэр иригъэкІуэкІын, щІэныгъэ дунейм пщІэ зыхуищІ, академическэ гуащІэ зыхэлъ лэжьыгъэхэр кърихьэлІэн. Ар фІыгъуэшхуэщ, сыту жыпІэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыдэлъху лъэпкъитІым я псэкупсэ къэгъэщІыгъэхэр дунейпсо хъугъуэфІыгъуэщым и зы Іыхьэ мэхъу, зи щэнхабзэ дахагъыр къахутэ жылагъуэхэри уахътыншэу егъэув.

Зи гуащІэрэ зэфІэкІкІэ жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ институтым и хьэкъыр ирату Налшык къалэм дэт, Темыркъан Юрэ и цІэр зезыхьэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм дыгъусэ гуфІэгъуэ пшыхь щызэхэтащ. Институтым и махуэщІыр даІыгъыну Іуэхум кърихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлІхэр, егъэджэныгъэ ІэнатІэм пэрытхэр, жылагъуэ, къэрал лэжьакІуэхэр, гъунэгъу щІыналъэхэм я лІыкІуэхэр.



Апхуэдэу зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и ІэтащхьэмрэИ Администрацэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ Нэгъуей Залымхъан, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсыр псалъэ гуапэкІэ къызэІуихащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и щІэныгъэ унафэщІ Иуан Пётр. Абы къыхигъэщащ КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым жылагъуэ гъащІэм щІыпІэшхуэ зэрыщиубыдыр, иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм щІыналъэ гъащІэр зэтес зэрищІыр.

- Институтыр къызэрыунэхурэ къыхилъхьэ Іуэхугъуэхэм апхуэдизкІэ мыхьэнэшхуэ яІэ хъуащи, и жьауэр здидзыр гъунэгъу хэгъэгухэм я закъуэкъым, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм къыщыувыІэркъым, абы къэралпсо къалэн игъэзащІэ хъуащ. Технологие зыужьыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, ауэ дунейр цІыкІу щыхъу лъэхъэнэм гуманитар къэхутэныгъэхэм гулъытэ ягъуэту хуожьэри, институтым и гуащІэдэкІым ухуемыплъэкІынкІи, пщІэ хуумыщІынкІи Іэмал иІэкъым. Иджырей гуманитар щІэныгъэр гъащІэм къыхэкІ лъэпощхьэпо куэдым пэщІэтщ. Жэуап зыгъуэтын хуейуэ ди пащхьэ къиувэ Іуэхугъуэ куэдым я хэкІыпІэ къелъыхъуэ, псом хуэмыдэу ар теухуащ лъэпкъхэм я тхыдэм. Сыт хуэдэ гугъуехьми хэкІыпІэ захуэр къыхуигъуэтыфыу институтыр мэлажьэ, си гуапэщ дяпэкІи и гуащІэм хэмыщІу къикІуа гъуэгуанэм нэхъыбэж къыпищэну, и лэжьакІуэхэми дыщІэгушхуэн Іуэхугъуэ щІэщыгъуэ куэд къыхалъхьэнуи, – жиІащ Иуаным.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къызэхуэсахэм фІэхъус гуапэ яриха нэужь, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек институтым зэрызыхуигъазэ псалъэм къеджащ. Абы къыхэщащ КъБР-м и япэ щІэныгъэ ІуэхущІапІэм хэку гуманитар щІэныгъэм зиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкІуэ щэнхабзэ фІыгъуэхэр джыным, бзэхэр къэхутэным, тхыдэр зэфІэгъэувэжыным хуэгъэзауэ и лэжьакІуэхэм хэгъэгум Іуэхутхьэбзэшхуэ зэрыхуалэжьыр. Іэтащхьэм гу лъитащ сыт хуэдиз гугъуехь пэщІэтами, и щІыхьыр имыгъэкІуэду институтыр сыт щыгъуи лъахэмрэ къэралымрэ, жылагъуэмрэ лъэпкъхэмрэ яхуэпэжу къызэрекІуэкІым, щІэныгъэ дунейм къыщыхуащІ Іулыджым зэрыхуэсакъым. ЕфІэкІуэну икІи заужьыну институтым къехъуэхъуа нэужь, къызэхуэсахэм хъыбар яригъэщІащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу институтым и лэжьакІуэ зыбжанэ Правительствэм и Унэм зэрыщагъэлъэпІэнур.

ЩІэныгъэм и мызакъуэу, цІыхугъэр хъумэным хуэунэтІауэ институтым лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІихыр и псалъэм къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

- Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щІэныгъэ щыІэкІэр зэпыу имыІэу зыгъэбжьыфІэри езыгъэфІакІуэри зи ныбжьыр илъэсищэ ирикъуа институтырщ. Абы кърихьэлІа лэжьыгъэм и пщІэр апхуэдизкІэ инщи, пэхъун псалъэ къэгъуэтыгъуейщ. ФІыщІи щытхъуи яхуэфащэщ институтым и гуащІэр мыужьыхыу нобэм къэзыхьэса и ІуэхущІэхэм, япэ итахэм я гуащІэдэкІым къыхагъахъуэурэ нобэм къэса щІэныгъэлэжь нэхъыжьхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ. ЩІэблэ къыпщІэхъуэныр, узыпэрыт лэжьыгъэр къэмыувыІэныр Іуэхушхуэщ. Институтым хузэфІокІ щІалэгъуалэри зришэлІэн, ди щІыналъэм и дахэр фІыкІэ зыгъэІу щІэблэ узыншэ щІэныгъэ дунейм хуигъэхьэзырын. Дэ фи гуащІэм пэкІуэу тлъэкІынур псалъэ дахэ жыІэнымрэ фІэщІэгуапэ тхылъкІэ фи цІэр къиІуэнымрэщи, хуит сыкъэфщІ фэ фщыщу цІыху зыбжанэ утыкум къисшэну, – жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Апхуэдэу къулыкъущІэм КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр яхуигъэфэщащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор БищІо Борис, филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат Къумыкъу Динэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат КІэш Заремэ сымэ. Парламентым и УнафэщІым къыбгъэдэкІ ФІыщІэ тхылъыр Егоровэм яритащ АфІэунэ Анжелэ, Хэжь Марьянэ, Гергоковэ Аслъижан, Гуанэ Аидэ сымэ.

Псалъэр институтым и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор Дзэмыхь Къасболэт ирата нэужь, я махуэр дагъэлъэпІэну къекІуэлІахэм фІыщІэ яхуищІащ абы, щІыналъэми цІыхубэми я зэхуэдэ гуфІэгъуэ пшыхьу ар зэрыщытыр къыхигъэщащ. Дзэмыхьым и къэпсэлъэныгъэр институтым къикІуа гъуэгуанэм триухуащ, щІэныгъэлэжьхэм яхузэфІэкІам и гугъу ищІащ. Ар иригушхуэу тепсэлъыхьащ иужьрей лъэхъэнэхэм къыдагъэкІа тхылъхэм, абыхэм лъэпкъ зэхэщІыкІыр къэІэтыным хуэунэтІауэ яІэ къарур къызэрымыкІуэу зэрыиным. Дзэмыхьым къыхигъэщащ институтыр дяпэкІи зыхущыІэ лъэпкъхэм зэрахуэлэжьэнур, а гъуэгуми адэкІи зэрырикІуэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и илъэсищэм зэрыщІыналъэу добжьыфІэри, и лъэр щІэмыхуу, хузэфІэкІым къыхэхъуэу дяпэкІи щыІэну ди гуапэщ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ЦІыху зэхуэсыпІэхэр зыхуей хуагъазэ

Ди гъащІэр ефІэкІуэнуми екІэкІуэнуми зэлъыта Іуэхугъуэхэм ящыщщ жылагъуэ щІыпІэхэм, пщІантІэхэм, утыкухэм я зэпэщыныгъэр. А унэтІыныгъэхэм ехьэлІа псалъэмакъ щхьэпэ мы махуэхэм зэдрагъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ ЩІыналъэм Іуэхухэр щызегъэкІуэнымкІэ и центрым (ЦУР) и унафэщІ КІэдыкІуей Мадинэрэ.

КъулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ цІыху зэхуэсыпІэхэр, унэ зэхэтхэм я пщІантІэхэр зыхуей хуэгъэзэным, республикэм и жылэхэм щхъуантІагъэ щыгъэтІысыным.

Ди республикэм и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, 2018 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпэщ щащІыжащ ІэнатІэ 1000-м нэс. Дызэрыт илъэсым къриубыдэу лэжьыгъэфІхэр щызэфІахащ жылагъуэ зэхуэсыпІэу, цІыху кІуапІэу щыт щІыпІэ 41-м, Къалэ псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ Х урысейпсо зэпеуэм щытекІуэу мылъку къызыхуаутІыпщахэри яхэту. КІуэкІуэм къыхигъэщащ цІыху зэхуэсыпІэхэр зыхуей хуэгъэзэным епха лэжьыгъэхэр зэдэууэ гъэзэщІэн зэрыхуейр, жылэдэсхэм я еплъыкІэхэр Іуэхум къыхэлъытарэ иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпауэ.

Гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ Іуэхугъуэхэм ящыщу къалъытащ, цІыху зэхуэсыпІэхэмрэ къалэ пщІантІэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэным къыдэкІуэу, ди щІыналъэм и жылэхэм жыгыщІэхэр щыхэсэныр, теплъэр зыгъэдахэ нэгъуэщІ щхъуантІагъэхэр щыгъэтІысыныр. Ди республикэм и щІыуэпсыр, зыми емыщхьу абы бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр хъумэнми зэрыхуэсакъынури къыщыхагъэщащ зэІущІэм.

# КІэрухубжьэрыхухэр иридашынущ

**КІэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшынымкІэ «Экотехпром» щІыналъэ операторыщІэм, къащыІэрыхьэн хуей пІалъэм ипэ къикІуэу, а Іуэхум хуэщІа машинэу плІы къыІэрыхьащ.**

ТЕХНИКЭЩІЭР къалэ пщІантІэхэмрэ уэрам зэвхэмрэ тыншу зэрыдыхьэным тещІыхьауэ зэщІэкъуауэ ящІащ. ІуэхущІапІэм къызэрыщыхагъэщамкІэ, зи зэпкърылъыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьа апхуэдэ машинэхэр Урысейм щыяпэу коммунальнэ ІэнатІэхэм яІэрыхьэу аращ.

Къищынэмыщ Іауэ, ноби ІуэхущІапІэм и транспортхэм тІу къыхэхъуэнущ: кІэрыхубжьэрыху быдэхэр дэзыш, езыр-езыру зызыунэщІыж машинэхэр.

«Экотехпром»-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм кІэрыхубжьэрыху быдэхэр и чэзум дишу и лэжьыгъэр зэтриублэн папщІэ, техникэкІэ къызэрызэгъэпэщар зэрыригъэфІэкІуэным иужь итщ.

# Хэхыныгъэхэм ипэ къихуэу

**Шыщхьэуlум и 27-м Налшык къалэм ЩIалэгъуалэм я унэм щызэхэтащ фокIадэм и 18 - 20-хэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэм шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщынум теухуа зэхыхьэ.**

Ар къыщызэlуихым, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав жиIащ къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхур бэIутIэIуншэу зэфIагъэкIынымкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрахьыр. «Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI зэманым хэхыныгъэхэр шынагъуэншэу къызэдгъэпэщыным псори зэгъусэу делэжьыпхъэщ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэмрэ я депутатхэр хэхыныр нэрылъагъуу икIи зэIухауэ щытын хуейщ. Дэ ди къалэнщ хэхакIуэм и Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуэну къыщыкIуэкIэ ар и шынагъуэншагъэм темыгузэвыхьу и хуитыныгъэхэр игъэзэщIэным дыкIэлъыплъыну. Махуищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм хэхакIуэ кампаниеу 122-рэ щыIэнущ. ХэхыпIэхэм щылэжьэнухэм щхьэж и къалэныр нэгъэсауэ игъэзэщIэн хуейщ», - жиIащ Джэшым.

Абы фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и МЧС-м, Урысей гвардием и щIыналъэ къудамэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым медицинэ къэхъукъащIэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэмкIэ и IуэхущIапIэм Iутхэмрэ психолог-экспертхэмрэ. «Фэ фи IэщIагъэм фызэрыхуэIэкIуэлъакIуэмрэ фызэрысакъымрэщ къэблагъэ хэхыныгъэхэм зэпIэзэрытыныгъэ щыщыIэным и лъабжьэр. Зэкъуэту дызэдэлажьэмэ, IэIэтыр никъусаныгъэншэу едгъэкIуэкIыфынущ», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

- Нобэ ди мурад нэхъыщхьэр хэхакIуэ комиссэхэм хэтынухэр IэIэтым сыт и лъэныкъуэкIи хуэдгъэхьэзырынырщ, - пищащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Джаппуев Мусса. - Псом хуэмыдэу ар зэхьэлIар хэхыныгъэхэр щекIуэкIкIэ дызыпэмыплъауэ Iуэхугъуэ шынагъуэ гуэр къыкъуэкIмэ, дэтхэнэми ищIэн хуейр гурыдгъэIуэнырщ. УФ-м и Конституцэм цIыхухэм хуитыныгъэ ярет хэхыныгъэхэм хэтыну. «Хэхыныгъэгъэхэм ехьэлIауэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэр» Федеральнэ Законым къигъэувращи, къэрал къулыкъущIапIэхэм я пщэрылъщ жылагъуэ шынагъуэншагъэм кIэлъыплъыну. Зэрызехьэ къыщыхъу хабзэр Iуэхур гъэбелджылауэ щыщымытым и дежщ. Абы къыхэкIыу, дызэрыщIэу дызэдэлэжьэн хуейщ». Джаппуевым зэрыжиIамкIэ, щытыкIэ хэхахэм деж IэIэтыр къызэпымыуду икIи къызэтемыувыIэу екIуэкIын щхьэкIэ, хэхыпIэ псоми резерв пэшхэр ягъэхьэзырауэ яIэнущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м къэрал къулыкъущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр хъумэныр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и инспектор нэхъыжь, полицэм и майор Шакъ Казбек тепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэр щекIуэкI махуэхэм терроризм щIэпхъаджагъэ гуэр ялэжьыну хъыбар къаIэрыхьэмэ, псом япэу ящIэн хуейхэм. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2024 гъэм Урысей Федерацэм и Президент хэхыныгъэхэр бэIутIэIуншэу зэрырагъэкIуэкIыфар. Шакъым къыхигъэщащ щIэпхъаджагъэ зэрахьэнкIэ шынагъуэ щыIэу хэхыпIэхэм щылэжьэнухэм телефонкIэ, «смс»-кIэ е нэгъуэщI Iэмал гуэркIэ хъыбар къаIэрыхьэмэ, ар нэпцIу къыщIэкIынкIэ хъунуми, гулъытэншэу къагъанэ зэрымыхъунур.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, бюллетенхэр къыщашэ махуэм щегъэжьауэ (хэхыныгъэхэр щекIуэкIынум иджыри махуитI иIэу) шынагъуэншагъэм кIэлъыплъынущ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 5600-рэ. «Апхуэдэуи къыддэIэпыкъунущ Урысейм и МВД-м и Кавказ Ищхъэрэ институтыр, суд приставхэм я федеральнэ IэнатIэр, Урысей гвардием хэт цIыху 788-рэ. Резерву диIэнущ полицэм и лэжьакIуи 143-рэ Урысей гвардием и лIыкIуэу 100-м щIигъурэ. Ику иту къэбгъэлъагъуэмэ, хэхыпIэ къэс къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу цIыхуи 3-м къыщыщIэдзауэ 6-м нэс щIэтынущ. КъищынэмыщIауэ, жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэм кIэлъыплъыну щхьэзакъуэ IуэхущIапIэхэм я хъумакIуи 108-рэ махуэ къэс къыддэIэпыкъуну делъэIуащ, цIыхубэ дружинэхэм хэту 320-рэ, къэзакъ зэгухьэныгъэм хэту 105-рэ (апхуэдэхэр здэщыIэ Май, Прохладнэ районхэм) тщIыгъунущ. Дыщогугъ хэхыныгъэхэр къыдэхъулIэну», - дыщIигъуащ Шакъым.




Урысей гвардием и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр хъумэныр дзэхэр хэту къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI, подполковник Сергиенкэ Вазген тепсэлъыхьащ цIыхубэ зыхъумэжыныгъэм къыхураджэу хъыбар щагъэIукIэ (хьэуа гузэвэгъуэ е ракетэ шынагъуэ щыIэу) ящIапхъэмрэ цIыху куэд зыхэт зэрыхьзэрийхэм деж къагъэсэбын хуей Iэмалхэмрэ.

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Канаевэ Наталье и гугъу ищIащ IэIэтым зэрызыхуагъэхьэзырымрэ щытыкIэ шынагъуэхэм деж цIыхухэр хэхыпIэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыныр зи пщэ дэлъынухэр зэрагъэбелджылымрэ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм кибершынагъуэншагъэр зыхуэдэм, япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыхуащIэ хабзэхэм, хэхакIуэ комиссэхэм щIэтыну IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным щытепсэлъыхьащ КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм кибершынагъуэншагъэм теухуауэ и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Созаев Ильяс, Къэбэрдей-Балъкъэрым медицинэ къэхъукъащIэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэмкIэ и IуэхущIапIэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм и унафэщI, дохутыр анестезиолог-реаниматолог Карабакин Юрий, психолог, Когнитив-зыIыгъыкIэ психотерапиемкIэ Европей зэгухьэныгъэм хэт Темыркъан Лейлэ сымэ.

Зэхыхьэм и кIэм хэхыпIэхэм я унафэщIхэр зыщIэупщIахэм я жэуап иратащ къэпсэлъахэм.

*Тхыгъэри сурэтри*
**БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*

# Гугъуехьым къигъэдзыхакъым

**● Зауэм и бынхэр**

**ГухэщIыр цIыхубэм къыхуэзыхьу лъахэм къытепсыхат Хэку зауэшхуэр. ГуащIэрыпсэухэм я гугъапIэ дахэр къыхузэхакъутат ди щIыгур зыIэрызыгъэхьэну къежьа бийм. Ауэ ди совет цIыху гуащIафIэхэм нэмыцэ хьэщхьэрыIуэхэм я мурад фIейхэр кърагъэхъулIакъым - тэджащ зылI и быну ди лэжьэкIуэбэр. Бийр щыгъуазэтэкъым ди совет цIыхухэр зэрызэкъуэтым, лъахэм лей къытехьэмэ, дэтхэнэми и псэр итыну зэрыхьэзырым. ЗэщIэтэджа лэжьакIуэбэм я сабий никъуэпIхэр пэрытащ балигъхэм къызэранэкIа IэнатIэ хьэлъэхэм.**

Зи цIыкIугъуэр зауэ гущIэгъуншэм хиубыдахэм сабиигъуэр зищIысыр ямыщIэу къэхъуащ. Гуауэм ипсыхьа ныбжьыщIэхэм ятелъа бэлыхьымрэ хьэзабымрэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Апхуэдиз гухэщI ягъэв пэтми, зыр адрейм дэIэпыкъуу, щIакхъуэ Iыхьэр зэдагуэшу, гущIэгъу, гулъытэ зэхуаIэу къэгъуэгурыкIуащ ди нэхъыжьыфIхэр.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм хьэджэфаджэ ящIа ди къуажэхэр, къалэхэр зэтрагъэувэжащ зи Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыда ныбжьыщIэхэм, зауэм къикIыжа нэхъыжь закъуэтIакъуэхэм, фызабэу къэнахэм. Зи сабиигъуэр а зэман хьэлъэм хиубыдахэм ящыщщ Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуа Мэремыкъуэ Хьэзэбий, лэжьыгъэм и ветераныр. Абы и адэ ТIалэ Хэкум къиужьгъа зэрыпхъуакIуэхэр езыхужьэжыну тэджахэм яхэтащ. Зауэ губгъуэм уIэгъэ хьэлъэу къыщагъуэтыжауэ щытащ ар.

- Иджыпсту хуэдэу сощIэж, - къеIуэтэж Хьэзэбий, - нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди унэм зэрыщIэсауэ щытар. А лъапсэгъэкIуэдхэр ди деж къыщысам илъэсищым ситми арагъэнт. Зауэр къыщыхъея гъэм сыкъалъхуат сэ. ЦIыкIуу плъагъур пщыгъупщэркъым, гум къонэ. Нэмыцэми куэдкIэ нэхъ гущIэгъу яхэлът, румын хьэщхьэрыIуэхэм нэхърэ. Ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжат абыхэм - джэди, къази, Iэщи зы къытхуагъэнатэкъым а бзаджащIэ еIуящIэхэм. КъаIэрыхьэр зэщIакъуэрт, яхузэщIэмыкъуэр ягъэсырт.

Нэмыцэхэр къуажэм къыщысам ди унэм накIуэпакIуэу къекIуэлIат. Лъэныкъуэ драгъэзри, къытхэтIысхьат ахэр. Ди бжэIупэм шэтырышхуитI щаухуат. Iэщэ-фащэ куэди кърахьэлIат абдеж. ШэтыритIым я зэхуакум гъущI псыгъуэ кIыхьышхуэ щыхатIат, зэрыпсалъэ телефоныр къиубыдын папщIэ. Нэмыцэ щIалитI щIэст шэтырым, зыгуэрхэр ящIэу, зэпсэлъэныгъэхэр щIэмычэу ирагъэкIуэкIыу. Абдеж щыт телефон хуэдэм къыдэкIырт тхылъымпIэ зыгуэрхэр тету, зыри къызгурыIуэртэкъым, ауэ сфIэгъэщIэгъуэну сеплъырт абыхэм. Си къуэш нэхъыжьымрэ си адэ къуэшым и къуэмрэ румын щIалэ фIыцIэжьым кIэрахъуэ къызэрыфIадыгъуауэ щытар сощIэж. ТIури щIалэ тыкъырыфIхэт. Румыным зригъэтIылъэкIа хъунт и Iэщэри, мыдреитIым къащтэри къыщIэкIыжат. Зы тэлай дэкIа нэужьщ, сэлэтым гу щылъитар абы.

ЩIалитIым кIэрахъуэр яIыгъыу ди анэм щилъагъум, къаIрихри псыунэм иридзат. Мо хьэщхьэвылъэм Iэщэр зэримыIыгъыжым гу щылъитэм, щIалитIыр кърихуэкIын щIидзащ. «Къэвгъуэт», кърригъэкIыу кIийрт ар, зытет щIыгури щыгъупщэжауэ ирихухьырт ныбжьыщIитIыр, IэгукIэ я напэхэр зэприхулэкIырт. Апхуэдэу зэрызехьэу зы нэмыцэ офицер къыдыхьащ. «Сыт къэхъуар?» - жиIэу щIэупщIа къыщIэкIынти, IэпэтэрмэшкIэ гурагъэIуащ къэхъуар. Нэмыцэ офицерым румыным и напэр къыхузэприхулэкIащ. «НыбжьыщIитIым зыри я лажьэкъым, уэ уи Iэщэр пхуэмыхъумамэ», жыхуиIэу. ИкIи абы иужькIэ а еIуящIэр тлъагъужакъым.

Зы пщэдджыжь гуэрым хьэжэпхъажэ къэхъуащ, уафэр дэзджызджу, щIылъэр дэгызу топхэр гъуахъуэу щIадзащ. ЛъэныкъуитIми зэхэуэ гуащIэ ирагъэкIуэкIащ. Фашистхэм яубыда ди къуажэр къыIэщIагъэкIыжащ ди зэуэлI хахуэхэм. Бийр щыдэкIыжым цIыхухэм сэбэп яхуэхъун къызэрыдамынэным хущIэкъуэрт. Къуажэм дэт щхьэл закъуэм мафIэ щIадзэри ягъэсат, IуэхущIапIэхэр зэхакъутат, зэхафыщIат. Къызэдзэкъэкlыу, къызэпхъуэкIыу ябгынарт ди къуажэр фашист зэрыпхъуакIуэхэм.

Ди гущIыIум иса хъунщIакIуэхэр ирахужьэжа нэужь, хуиту дыбэуэжат. Дыщыгъыныджэми дышхынышэми ддэрт, ахэр къытхэмысмэ. Къуажэм къахуэна мылъку тIэкIур зэхуахьэсыжри, колхозхэр савхозхэр зэфIагъэувэжащ. Ди анэм и гугъуехьыр зэрыдэдгъэпсынщIэным зэкъуэшищыр сытым щыгъуи дыхущIэкъуащ. Сэ курыт еджапIэр къэзмыухыу ебланэ классым сыкъыщIэкIри, колхоз губгъуэм ит нэхъыжьхэм я Iэпыдзлъэпыдзу лэжьэн щIэздзащ. Апхуэдэу зым адрейр дыдэIэпыкъуурэ дыпсэуащ.

А зэман хьэлъэм сабий зыкIэрыщIа бзылъхугъэхэр хуабжьу гугъу ехьащ. Хьэсэм пэгъунэгъуу мащэшхуэ кърaтIыкIырти, сабийхэр ирагъэувэрт, зы цIыху абыхэм хъумакIуэ хуащIырти, хьэсэм ирикIуэу адрейм кърикIуэжыхукIэ цIыкIухэм ябгъэдэст. Апхуэдэу гъурыгъуэурэ захъуэжурэ анэхэр якIэлъыплъырт сабийхэм. Зэзэмызэ зыгуэр губгъуэм дэмыкIамэ абы и Iыхьэр къинэрти, кIэлъыщIыхьэжыгъуей хъурт, ауэ апхуэдэу къыщыхъур зэзэмызэххэт, сыту жыпIэмэ, лэжьакIуэ удэмыкIынуи къыпхуадэртэкъым. Апхуэдиз губгъуэр белкIэ ятIырт жылэри хасэрт, техникэр къазэремэщIэкIым къыхэкIыу, я жэмхэр щIэщIауэ вэрт.



Си армэ дэкIыгъуэр къэсри, илъэсищкIэ Германием си къулыкъур щесхьэкIащ. СыкъэкIуэжа нэужь, трактористу губгъуэм сихьэжащ. Колхозым зыкъомрэ сыхэтауэ, мывэхьэж заводым сыуври, пенсэ сыкIуэу сытIысыжыху абы сыщылэжьащ.

Ди анэм къытхилъхьа гъэсэныгъэм дызэремыбэкъуэным, зэрыдмыгъэукIытэным сытым щыгъуи дыхущIэкъуащ. «Псэм ипэ - напэ» псалъэжь Iущыр ди гъуазэу дыкъэгъуэгурыкIуащ.

Мэремыкъуэ Хьэзэбийрэ и щхьэгъусэ Зоерэ сабиитI зэдапIащ, зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ. Нэхъыжьыфlым дохъуэхъу быным я быныжым я гуфIэгъуэ илъагъуу куэдрэ Мэремыкъуэхэ я жьантIэм дэсыну.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**



# Зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэр яIэт

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым теухуа хэкупсэ зэIущIэ.**

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав, а ведомствэм и адрей унафэщIхэр, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проекткхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Джамбулэт, Урысейм и МВД-м и Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Сапронов Юрий, дин IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэмрэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я ветеранхэмрэ.

Зэхуэсым кърагъэблэгъахэм ящыщт гъащIэм щытыкIэ гугъу къыщихута сабийхэри.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Крючков Вячеслав.

- «ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэ» жиIэмэ – ар цIыху мелуанхэм зыуэ зэрыщытыр зыхегъэщIэнырщ. Къэралым и цIыхухэр зэкъуоувэ хэкур щытыкIэ гугъу щихуэм деж, я зэхуэдэ хабзэ лъапIэныгъэхэри мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи гурыIуэгъуэ мэхъу апхуэдэхэм деж. Дэ ди къалэнщ «зэкъуэтыныгъэ» псалъэм купщIэшхуэ зэриIэр къэдгъэлъэгъуэну, ар цIыхухэм махуэ къэс ялъагъу Iуэху пыухыкIахэмкIэ, щапхъэхэмкIэ къэдгъэнэIуэну.

Мы гъэр псом я дежкIи ирехъу Iуэху пыухыкIахэм, зэкъуэтыныгъэ быдэхэм, Урысейм и текIуэныгъэщIэхэм я илъэс, - къыхигъэщащ министрым.

Къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ Къуэшырокъуэ Залымрэ Гергоков Джамбулатрэ. Абыхэм къыхагъэщащ Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зэгурыIуэныгъэм, мамырыгъэмрэ пщIэ зэхуащIынымрэ я нагъыщэу зэрыщытыр.

Зэхуэсым Iуэху гуапэкIэ къыпащащ. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэу я къалэнхэр ягъэзащIэу ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрызыгъэхьа зыбжанэм дамыгъэхэр иратащ. КъыхэжаныкIа полицейхэм хуагъэфэщащ ведомствэ медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Крючков Вячеслав апхуэдэуи я лэжьакIуэхэу зи чэзу званиехэм нэсахэм ехъуэхъури дамателъхэр яритащ.

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проекткхэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Пыхъ МуIэедрэ ОВД-м и IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ.

Хэкупсэ Iуэхур махуэшхуэ концерткIэ иухащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# КIэмыргуей Валентин Гъумар и къуэр



Ди республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 75-м иту дунейм ехыжащ цIыху зэчиифIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр пажэ КIэмыргуей Валентин Гъумар и къуэр.

Ар 1952 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. 1975 гъэм, адыгэ студием хэту, къиухащ Щукин Б. В. и цIэр зезыхьэ театр училищэр (иджыпсту институтщ) икIи адыгэ театрым лэжьэн щыщIидзэри, и гъащIэ псор абы тыхь хуищIащ.

И япэ ролхэм – «Хъуэжэ и фызышэ» спектаклым хэт Андрисрэ «Тыргъэтауэ» трагедием хэт Джатэгъазэрэ – щегъэжьауэ, абы зыкъигъэлъэгъуащ зи Iэщlагъэм хуэIэижь, зи джэгукIэ щхьэхуэ зиIэж артист гъуэзэджэу. Абы къызэринэкIащ образ гъэщIэгъуэн куэд. Псалъэм и хьэтыркIэ, ар гукъинэжу щыджэгуащ «Дахэнагъуэ», «Си щхьэгъусэм и щхьэгъусэ», «Цlыхущ икIи джентльменщ», «Хьэцацэ дахащэ» спектаклхэм.

Артистым и гуащIэм увыпIэшхуэ щеубыд IутIыж Борис и «Эдип» пьесэм къытращIыкIа лэжьыгъэм Эдипу зэрыщыджэгуам. Абы ищIа образыр куут, узыгъэгупсысэт, гугъуу зэхэлът. А и лэжьыгъэм папщIэ КIэмыргуейм къыхуагъэфэщауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр.

Толстой Алексей и пьесэр и лъабжьэу 2013 гъэм ягъэува «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклым Валентин щигъэзэщIащ Сильвестр и ролыр. Спектаклым гулъытэ лъагэ игъуэтауэ щытащ икIи Урысей Федерацэм и Правительствэм театр гъуазджэм ехьэлIа и саугъэтыр 2014 гъэм къыхуагъэфэщащ.

КIэмыргуей Валентин узыдэлэжьэну тынш артист зэчиифIэт, сыт и лэныкъуэкIи чэнджэщэгъу яхуэхъу ныбжьэгъу пэжт, гу къабзэ зиIэ цIыху зэлухат. Театрымрэ къыхиха IэщIагъэмрэ зэрыхуэпэжымкIэ, зи щхьэр щхьэузыхь зыхуищIа IуэхущIапIэр фIыуэ зылъагъухэм пщIэшхуэ зэрахуищIымкIэ къилэжьауэ и джэгукIэр куэдым я псэм дыхьэрт, абы щхьэкIэ театрым къекIуалIэхэри мащIэтэкъым.

Валентин дунейм зэрехыжар театрми, къыдэлэжьахэми, и ныбжьэгъухэми, театреплъхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэ псоми я деж кIэ хэщIыныгъэшхуэщ. Абы и цIэр къыхэнэнущ Къэбэрдей театрым и тхыдэм, и фэеплъыр утыку кърихьа и ролхэмкIэ, щыджэгуа спектаклхэмкIэ, зи гум имыхуну цIыхухэмкIэ псэунущ.

Дигуми ди псэми къыбгъэдэкIыу дахуогузавэ Валентин и благъэхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ, къыдэлэжьахэмрэ ар зэрыхэкIыжар гущIыхьэ зыщыхъуахэмрэ. Абы и фэеплъ нэхур дэ зэи ди гум ихунукъым.

*КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка», газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр яхуогузавэ **Бышэн Муссэ Жэхьфар и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Терроры́м пыщIа щIэпхъаджагъэхэр

**«Урысей МВД-м, Урысей ФСБ-м я лэжьакIуэхэм яубыдащ терактхэм, апхуэдэуи дунейпсо террорист зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм пыщIауэ шэч зыхуащIхэр.**

КЪАПЩТЭМЭ, Адыгей Республикэм и щыхьэр Мейкъуапэ къыщызэпаудащ щIыпIэм щыпсэум илэжь хабзэншагъэр. Зэраубзыхуамкlэ, абы и гуращэт Урысейм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм къепха хэщIапIэм террор Iуэху щилэжьыну, зыхуэтхэ украин куратором къызэрыхуигъэувам тету.

Яубыдам къытрахащ терактым зыхуэгъэхьэзырыным ехьэлIа хьэпшыпхэмрэ тхыгъэхэмрэ. Абы теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ, 205-нэ статьяхэм япкъ иткIэ.

Дунейпсо террорист зэгухьэныгъэм и щIыпIэ къудамэм хэту шэч зыхуащI цIыху 11 оперативникхэм щаубыдащ КъБР-м и Дзэлыкъуэ районым. Абыхэм радикальнэ унэтIыныгъэм къыхураджэрт икIи я Iуэху еплъы-кIэр къадэзымыIыгъхэм ятеуэрт.

Следствием къызэрилъытэмкIэ, гупым апхуэдэ хабзэншагъэхэр зэрахьэрт мы гъэм и мэлыжьыхьым щыщIэдзауэ. Абы и лэжьыгъэр къызэпаудащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ЦПЭ-м, Урысей ФСБ-м и республикэ управленэм, Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм я лэжьакIуэхэм, Урысей гвардиер я щIэгъэкъуэну.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм зэхегъэкI УФ-м и УК-м и 205.2 статьям къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зэралэжьам ехьэлIа уголовнэ Iуэхур. Ар зытеухуахэр яубыдащи, я нэIэ тетщ», - къет Урысей МВД-м и лэжьакIуэ Волк Иринэ.

Урысей МВД-м фыщегъэгъуазэ: Украинэм и щэхурылажьэ IэнатIэ хэхахэмрэ нэгъуэщI къэралхэм щыщхэмрэ ди хэкум къыщалъыхъуэ хабзэншагъэхэр, абы диверсие-террор жыхуиIэхэри хыхьэу, лэжьыным хухьэзырхэр. Фигу къыдогъэкIыж терактхэмрэ къэралым и дзэ, промышленнэ IуэхущIапIэхэм зэран яхуэхъухэмрэ лэжьыныр щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэм зэращыщыр. Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и статьяхэм къагъэув абы пыщIахэр пIалъэ кIыхькIэ ягъэтIысыныр.

*Зыгъэхьэзырар*
**УАРДЭ Жантинэщ.**

# Мы махуэхэм

**Шыщхьэу Iум и 29, щэбэт**

♦**Ядернэ Iэщэхэр гъэунэхуныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я гуп хэхахэм я махуэщ**

♦**1972 гъэм** Германием и Мюнхен къалэм щекIуэкIа XX гъэмахуэ Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ дыщэ медаль къыщихьащ адыгэ щIалэ **Шыхъуэ Борис.**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумахуэ Мухьэдин.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Шыщхьэу Iум и 30, тхьэмахуэ**

♦**Залымыгъэ кIэлъызэрахьэу ягъэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1933 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Кубаным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкий Нурдин.**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Сыжажэ Валерэ.**

♦**1961 гъэм** къалъхуащ атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**

♦**1981 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Едыдж Едыдж.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 – 18, жэщым градус 15 – 16 щыхъунущ.

**Шыщхьэу Iум и 31, блыщхьэ**

♦**Шахтерым и дунейпсо махуэщ**

**1971 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр кърата щ.

♦**1902 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Турчанинов Георгий.**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIытIэ Ахьмэд.**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Иуан Аслъэн.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 – 19, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 33-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 18-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 32-рэ: 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 22-р щIалэщ.

*ШыщхьэуIум* зэрыщIидзэрэ щыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 700, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5837-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Нэм и узыр нахуэщи, гум и узыр щэхущ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 31

**1**

**05.00, 07.50** «Доброе утро»
**07.05** Выборы-2026
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ХОЗЯИН МОСКВЫ» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОВЧАРКА. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.20** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ» (16+)
**00.35** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.25** Х/ф «НЕБЕСНЫЙ ТИХОХОД» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир» . Ток-шоу
**11.00, 13.25** Т/с «ЗЛО» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «ЗЛО» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**18.40** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «По горячим следам» (16+)
**19.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**20.50** «Открытый эфир» . Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** Т/с «ВОЙНА И МИР» (16+)
**02.00** Х/ф «ДОМ, В КОТОРОМ Я ЖИВУ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Д/ф «Последний парад «Беззаветного»
**08.25** Д/с «Первые в мире»
**08.40** Т/с «ОЛЬГА СЕРГЕЕВНА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 01.10** «ХХ век»
**11.50** Д/с «Предки наших предков»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Д/ф «Роман в камне»
**13.30** Линия жизни
**14.20** Х/ф «ПРОГУЛКА» (16+)
**15.50** Д/ф «Фабрика кисейных барышень»
**17.15** Д/ф «Десять колец Марины Цветаевой»
**18.05** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**18.45** Д/ф «Сражение за Поднебесную»
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Линия жизни
**21.30** Вадим Репин, Иван Рудин и Московский государственный симфонический оркестр
**22.15** Х/ф «БОЛЬШАЯ ПЕРЕМЕНА» (16+)
**23.25** Д/ф «Александр Зиновьев. Зияющие высоты»
**00.20** Д/ф «Тайны гробниц древних майя»

**МАТЧ!**

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Лица страны (12+)
**09.25** Футбол. Германия - Кюрасао. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Футбол. Альфа-банк. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**15.30** Громко
**16.55** VI Всемирные игры кочевников. Церемония открытия. Прямая трансляция из Киргизии
**19.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**19.25** Футбол. «Спартак» (Кострома) - «Ротор» (Волгоград). Лига Пари. Прямая трансляция
**21.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**22.20** Футбол. «Барселона» - «Райо Вальекано» . Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.30** Все на Матч! Прямая трансляция

## Гъубж, фокIадэм и 1

**1**

**05.00, 07.50** «Доброе утро»
**07.05** Выборы-2026
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ХОЗЯИН МОСКВЫ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОВЧАРКА. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.40** Выборы-2026. Дебаты
**00.55** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.25** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**04.40, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ»
**00.35** «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
**01.10** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.10** Т/с «НА БЕЗЫМЯННОЙ ВЫСОТЕ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир» . Ток-шоу
**11.00, 13.25** Т/с «ЗЛО» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «ЗЛО» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**18.40** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «По горячим следам» (16+)
**19.10** «Улика из прошлого» (16+)
**20.50** «Открытый эфир» . Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** Т/с «ВОЙНА И МИР» (16+)
**02.35** Х/ф «МОРСКОЙ ОХОТНИК» (16+)
**03.45** Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50** Д/ф «Тайны гробниц древних майя»
**08.40** Т/с «ОЛЬГА СЕРГЕЕВНА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 01.00** «ХХ век»
**11.45** Д/ф «Доживем до понедельника» . Счастье - это когда тебя понимают»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Больше чем любовь
**13.40, 22.15** Х/ф «БОЛЬШАЯ ПЕРЕМЕНА» (16+)
**14.45** Д/с «Слово о словах»
**15.00** Д/с «Первооткрывательницы»
**15.45** Сати. Нескучная классика...
**16.30** Д/с «Запечатленное время»
**17.15** Лауреаты II Международного юношеского конкурса музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп»
**18.05** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**18.35** Д/ф «Тайны гробниц древних майя»
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.45** Д/ф «Дневник сельского учителя»
**21.30** Белая студия
**23.25** Д/ф «Александр Зиновьев. Зияющие высоты»
**00.10** Д/ф «Тайны гробниц древних майя»
**01.35** Д/ф «Доживем до понедельника» . Счастье - это когда тебя понимают»
**02.15** Д/с «Первооткрывательницы»

**МАТЧ!**

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Специальный репортаж» )
**09.25** Футбол. Нидерланды - Япония. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** География спорта (12+)
**14.55** «Что за спорт?» (12+)
**15.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**16.00** Футбол. «Акрон» (Тольятти) - «Локомотив» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**18.15** Футбол. «Факел» (Воронеж) - «Краснодар» . Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**20.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Ростов» (Ростов-на-Дону) - ЦСКА. Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**00.30** Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура (6+)
**01.30** Д/ф «Энди Маррей» (12+)
**02.30** Регби-7. II Всероссийская спартакиада. Женщины. Трансляция из Казани (12+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема» . Трансляция из Швейцарии (12+)

## Бэрэжьей, фокIадэм и 2

**1**

**05.00, 07.50** «Доброе утро»
**07.05** Выборы-2026
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ХОЗЯИН МОСКВЫ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОВЧАРКА. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.40** Выборы-2026. Дебаты
**00.55** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.25** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ» (16+)
**00.35** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**01.45** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.15** Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**12.10, 13.25** Т/с «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.05, 17.15** Т/с «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**18.40** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «По горячим следам» (16+)
**19.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**20.50** «Открытый эфир» . Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** Т/с «ВОЙНА И МИР» (16+)
**17.50** ЩІыпІэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩІыпІэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, фокІадэм и 4**

**10.00** ЩІыпІэ зэман. «Хэхыныгъэ-2026»
**17.40** ЩІыпІэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.50** ЩІыпІэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩІыпІэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, фокІадэм и 5**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, фокІадэм и 6**

**13.00** ЩІыпІэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»



# Кхъужьей жыгым и тхыдэр

**Адыгейм щыlэ Руфабгъуэ псыкъелъэхэм деж, илъэс къэси хуэдэу, Адыгэ кхъужьым и махуэ щекlуэкlащ. Зэхыхьэм зэхуишэсащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Абхъазым, Дон Iус Ростов, Москва, уеблэмэ Алтайм щыщу щlыуэпсыр, лъэпкъ хабзэхэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ фlыуэ зылъагъухэр.**

МЫПХУЭДЭ фестивалыр мы щlыналъэм 15-нэу щокlуэкl. Абы хэтахэр «шэрджэс бергамот» лlэужьыгъуэм щыщ кхъужьей жыгхэр къыщызэтена хадэжьхэм кlуащ. Гъэщlэгъуэнращи, а жыгхэм я ныбжьыр илъэс 250-м щlигъуащ, нобэр къыздэсми пхъэщхьэмыщхьэ къапокlэ. Ауэ, дауи, апхуэдэ жыг хадэжьу къэнэжар, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащlэ дыдэщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, Адыгэ кхъужьым и махуэшхуэр Адыгейм илъэс къэс щокlуэкl. Iуэхум и гупсысэ нэхъыщхьэр ирапх адыгэ жыг хадэхэм я хабзэр хъумэнымрэ къэгъэщlэрэщlэжынымрэ. Зэхыхьэм кърихьэлlэхэм хуаlуатэ ди адэжьхэм жыг хадэхэр зэрагъэкlыу, зэрызэрахьэу щыта щlыкlэхэр. Адыгэ пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэхэм я фlагъыр, абыхэм я бзвагъыр къигъэлъагъуэрт зы мыlэрысейм е кхъужьейм пхъэщхьэмыщхьэу тонным щlигъу къыпахыфу зэрыщытам. Зи ныбжьыр илъэс 250-м щlигъуауэ республикэм мы зэманым жыгитl къыщызэтенащ.

«Адыгэ жыг хадэхэр дунейпсо щlэинщ. Къухьэпlэ Кавказым жыг гъэкlыным и щэнхабзэр илъэс минищым щыщlегъу. Адыгэхэм я дэтхэнэ зы цlыхухъури жыг дэгъэкlэным хуэlэзэти, гъуэгу щытехьэкlэ кхъужьей къудамэ здрихьэжьэрт, ар мэзым къыщыкl къэкlыгъэхэм ядигъэкlэн папщlэ. Абы ехьэлlауэ я щlэныгъэр щlэблэхэм зэlэпахырт», - жеlэ адыгэ жыг гъэкlыкlэр джыным илъэс 20-м щlигъу тезыхуха Кудей Нуриет.

Фестивалым и къызэгъэпэщакlуэ «Руфа-Тур» Iуэхущlапlэм и Iэщlагъэлlхэм зэрыжаlэмкlэ, Руфабгъуэ нэмыщl, шэрджэс жыг хадэхэр щыlэщ Тулэ, Каменномостскэ, Усть-Сахрай къуажэхэми, Абдзэх, Новосвободнэ, Дахэ станицэхэм я lэгъуэблагъэми, Кавказ мэзгъэфlэнми.

Зэхыхьэм и гъуэгугъэлъагъуэхэр я гъусэу, цlыхухэр жыг хадэжьхэр здэщыlэ щlыпlэм дэкlащ, адыгэ кхъужьыр зэрагъэкlыу щытам и тхыдэмрэ хабзэхэмрэ щlэдэlуащ. Къагъэзэжа нэужь, абыхэм я нэгу зрагъэужьащ «Ашэмэз» цlыхубэ Iуэрыlуатэ ансамблым, Камернэ музыкэ Iуэхущlапlэм и уэрэджыlакlуэ, республикэм щlыхь зиlэ и артисткэ Макаовэ Маринэ, Адыгейм и цlыхубэ артистхэу Арзуманов Михаилрэ Кириченкэ Иринэрэ, Мальцев Александр, «Уэщтэн» эстрадэ ансамблым и солисткэ Нэгъуей Маринэрэ уэрэджыlакlуэ ныбжьыщlэ Бэрэтар Заурэ, нэгъуэщlхэми.

- Адыгэ жыг хадэхэр «дунейпсо мыхьэнэ зиlэ мэкъумэш щlэину» къалъытэным долэжь. Жыгыжьхэр псэуху, абыхэм жыгыщlэхэр ядэдгъэкlэну, къащlэжыр тхъумэну дыхунэсын хуейщ, - жеlэ КъБКъУ-м и географие факультетым и лэжьакlуэ Мамедов Рэхьим.

Адыгэхэм кхъужьей жыгыр лъапlэу къалъытэ, уеблэмэ «адыгэ бергамот» лlэужьыгъуэр Адыгейм и дамыгъэ щхъуантlэ куэдрэ мэхъу. Къэкlыгъэхэмкlэ урысейпсо институтым Мейкъуапэ щиlэ опытнэ станцым и унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Семенов Валентин зэрыжиlэмкlэ, Адыгейм и кхъужьей жыгхэм я коллекцэр Урысейм щынэхъ ин дыдэхэм, щынэхъыфlхэм ящыщщ. Абы адыгэ кхъужь лlэужьыгъуэ 12 хохьэ.

«2011 - 2012 гъэхэм ди щlэныгъэлlхэм хы Фlыцlэ Iуфэм щрагъэкlуэкlа къэхутэныгъэхэм кърашащ адыгэ кхъужь лlэужьыгъуэщlэу блы. Абыхэм ящыщщ щlэныгъэлlхэм иджыри ямыцlыху «адыгэ бергамоткlэ» зэджэр, «бжьэлъакъуэ кхъужьыр», «мэкъуауэгъуэ кхъужьыр», нэгъуэщlхэри. Лlэужьыгъуэ псори европейхэм я пхъэщхьэмыщхьэхэм быдагъкlэ, Iэфlагъкlэ, гуащlэ щlэмылъу зэрыщытымкlэ къащхьэщокl», - жеlэ абы.

Тхыдэдж, «Шэрджэс жыг хадэжьхэр» тхылъыр зи Iэдакъэщlэкl Хьэткъуэ Самир и лэжьыгъэм къыщыхигъэщащ кхъужьыр Краснодар щlыналъэм и щlыуэпс къулеигъэхэм ящыщу.

«Курыт лlэщlыгъуэм, зэманыщlэм, псом хуэмыдэу XIX лlэщlыгъуэм адыгэхэм я жыг хадэхэм зэрызаужьар къызыхэк куэд тхыдэм къыхэнащ. Ар лъэпкъыр нэхъыбэу зэлэжьу щыта икlи щыпlэм щыпсэухэм я ерыскъыр къызыпэкlуэ Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къэбгъэлъагъуэ хъунущ. Геленджик къыщыщlэдзауэ Новороссийск нэс щызэпеуэ жьышхуэм жыг ягъэкlыну Iэмал къратынтэкъым, ди адэжьхэр а Iуэхум акъыл хэлъу емылэжьу щытамэ», - етх тхыдэджым.

Адыгэ кхъужьым и махуэшхуэм хэтахэр жыг хадэжьхэм зэрыкlуа я гъуэгуанэр Руфабгъуэ псыкъелъэхэм блэкlырт, Адыгейм и щlыпlэ дахэхэм зыщаплъыхьыну Iэмал яlэт. Илъэс щитl зи ныбжь жыг абрагъуэхэр зылъагъуну хуейр мащlэкъым - гъэ къэси километриплlым нэблагъэ къызэранэкlыу, къурш лъагъуэхэмрэ джабэ задэхэмрэ дэкlуеину гукъыдэж зыщlыр нэхъыбэ мэхъу. Хьэщlэхэр зэрыщыгугъауэ, кхъужьхэр Iэфl дыдэу икlи мэ гуакlуэ яlэу къыщlэкlащ.

Зэхыхьэм ипкъ иткlэ, пасэрей адыгэ пщэфlыкlэхэмкlэ кхъужьым къыхащlыкlа шхыныгъуэхэмрэ псы Iэфlхэмрэ абы кърихьэлlауэ хъуам Iуагъэхуащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Махуэ щхьэпэ - гуфlэгъуэ зэхыхьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент Кlуэкlуэ Валерэ къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 85-рэ зэрырикъумрэ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсымрэ ягъэлъапlэу Бахъсэн къалэм и паркым спорт зэхыхьэшхуэ щызэхэтащ икlи абы кърихьэлlащ цlыху мини 3,5-м нэблагъэ.**

КЪАЛЭДЭСХЭМРЭ хьэщlэхэмрэ папщlэ зэхагъэува спорт программэшхуэм хэтт армрестлингымкlэ, мас-рестлингымкlэ, баскетболымкlэ (3х3), футбол цlыкlумкlэ, боксымкlэ, стlолышхьэ теннисымкlэ, самбэмкlэ, боевой самбэмкlэ, дартсымкlэ, кlапсэкlэ зэпекъунымкlэ, спорт гимнастикэмкlэ, шахматымкlэ, зэзауэ зыхэт спорт лlэужьыгъуэхэмкlэ, силовой экстримымкlэ зэхьэзэхуэхэмрэ ГТО-м и мардэхэр гъэзэщlэнымкlэ зэпеуэхэмрэ.

Хэгъэрейхэм нэмыщl, абыхэм щызэпеуащ ди республикэм и Май, Iуащхьэмахуэ щlыналъэхэм я лlыкlуэхэр, псори зэхэту цlыху 500-м нэблагъэ.

Спорт зэпеуэхэм нэмыщl, хьэщlэхэм ирагъэлъэгъуащ кlэртlоф уэздыгъэхэр зэращl щlыкlэм и щэхухэр, Iэщэр псынщlэу зэрызэпкърalъхьэ-зэрызэпкърахыжым и Iэмалхэр. Бахъсэн къалэм сабийхэм гъуазджэхэмкlэ я школ №1-м и гъэсэн цlыкlухэм утыку кърахьащ я Iэрыкlхэр. Апхуэдэуи, махуэр яlэтащ макъамэ дахэхэмкlэ.

Зэпеуэм и кlэм зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкlахэр медалхэмкlэ, кубокхэмкlэ, щlыхь тхылъхэмкlэ ягъэпажащ.

**ЖЫЛЭХЬЭЖ Артур.**

**● УФСБ-м къет**

# Илъэсибгъукlэ ягъэтlыс

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыlэм, КъБР-м щыlэ МВД-м я лэжьакlуэхэм хабзэншагъэкlэ наркотикхэкlхэр игъэкlыным пэщlэт Iуэхухэр ирагъэкlуэкlыу, къызэпаудащ хамэ къэрал цlыхур акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр республикэм къиишэныр къызэгъэпэщыным зэрыпыщlар.**

ХАБЗЭМ къемызэгъыу ирагъэкlыну синтетикэ наркотикхэкl грамми 186-м щlигъу къытрахащ.

Судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткlэ, жэуапым ирашэlар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм и «а», «г» пунктхэм, 228.1 статьям и 5-нэ Iыхьэм къыщыхьа щlэпхъаджагъэхэмкlэ. Абы илъэси 9 тралъхьащи, къызэрыгуэкl лъэхъуэщым щигъэкlуэнущ.

**● Прокуратурэм къет**

# Пцlыр къыщlэкlуэжащ

**Налшык къалэм и прокуратурэм диlыгъащ Белэ Речкэ къуажэм щыпсэу, илъэс 55-рэ зи ныбжь цlыхубзым ехьэлlа уголовнэ Iуэхур. Ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткlэ.**

СУДЫМ зэриубзыхуамкlэ, ягъэкъуаншэм, 2023 гъэм щхьэзакъуэ хъэрычэт лэжьыгъэ иригъэкlуэкlыныр и щхьэусыгъуэу, «Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкlэ къащхьэщыжынымкlэ республикэ центр» Iуэхущlапlэм зыхуигъэзащ къыдэlэпыкъуну, и хэхуэр зэрымащlэм къыхэкlыу. Ита дэфтэрхэм япкъ иткlэ абы сом 350 000-рэ хухахащ. Арщхьэкlэ, социальнэ зэгурыlуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр игъэзэщlакъым.

Нэхъ иужькlэ цlыхубзым Iуэхущlапlэм щlилъхьащ бюджет мылъкур зыхуэунэтlам тригъэкlуэдауэ зэрыт тхылъ нэпцlхэр. Ахъшэр ягъэкъуаншэм езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Ягъэкъуаншэм и дуней тетыкlэр, имыпшыныжауэ нэгъуэщl щlэпхъаджагъэ зэрилэжьауэ щытам папщlэ тезыри зэрытелъри къалъытэри, псори зэхэту судым абы трилъхьащ илъэси 4-рэ мази 6-рэ къызэрыгуэкlыу щаlыгъ лъэхъуэщым щигъэкlуэну.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Сакъыну къыхураджэ

**КъБР-м щыlэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщlэхэмрэ йохъуэхъу дызыпежьэ махуэшхуэхэмкlэ - Щlэныгъэм и махуэмкlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъэм и махуэмкlэ - икlи къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкlэ хабзэхэр ягъэзэщlэну**:

- щытыкlэ къызэрымыкlуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкlэ шынагъуэ къэзышэнкlэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щlыпlэхэм деж щывгъэув;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщlамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкlуэкlыну мурад зэраlэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цlыхухэм зэраlыгъым фыщыгъуазэмэ, щlэпхъаджагъэ лэжьыным пыщlахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфlэрыхьэмэ, хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ экстреннэ къулыкъущlапlэхэмрэ икlэщlыпlэкlэ хъыбар евгъащlэ;
- хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакlуэхэмрэ цlыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щекlуэкlкlэ хабзэр къызэгъэпэщыныр къыщапщытэкlэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащlэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаlэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхухэр зэфlагъэкlынущ, цlыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщlэ.

Шэч зыхуащlхэм ятеухуа хъыбарыр КъБР-м щыlэ Оперативнэ штабым къезыгъэщlахэм я цlэ къраlуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фlыщlэ хуащl зэрызэхащlыкlым папщlэ.

**«Линэ пщтыр» телефонхэр**:

- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыlэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыlэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыlэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыlэм: 39-99-99 (плъыр часть).




# ЩІалэгъуалэр дэни нос

**Зым и дежкІи щэхукъым жэрдэмщІакІуэ щІалэгъуалэр къызэрыхыхьэм и фІыгъэкІэ иджырей къэрал управленэм жыджэру зэрызихъуэжыр. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ ПФР-мрэ ФСС-мрэ зэхагъэхьэжу, 2023 гъэм къызэрагъэпэща Урысейм и Социальнэ фондыр (СФР). Нобэ фондыр щІалэгъуалэм зэрадэлажьэмкІэ къэрал структурэхэм япэ итщ, абы къищынэмыщІауэ, ІуэхущІапІэм езым и ЩІалэгъуалэ совет къыщызэрагъэпэщащ.**

СФР-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и дэІэпыкъуэгъу, ЩІалэгъуалэ советым и унафэщІ Джэш Марианнэ зэрыжиІэмкІэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэр фондым и волонтёр къалэным хэшэным: «Сабий пособиехэм, пенсэхэм, къинэмыщІхэм я мызакъуэу, цІыхум социальнэу къызэрыщхьэщыж Іэмал псоми долэжь. Абы ЩІалэгъуалэ советым хэтхэр хуегъасэ гущІэгъулыуэ щытыным, хуэныкъуэм, гъунэгъум, благъэм дэІэпыкъун зэрыхуейм, абы гуапагъэрэ фІыщІэу къыпэкІуэм нэхъыбэм трегъэгушхуэ. НобэкІэ ди зэгухьэныгъэм цІыху 21-рэ хэтщ. Ахэр Социальнэ фондым и къудамэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэ нэхъ жыджэрхэрщ. Абыхэм я фІыгъэкІэ Іэмал диІэщ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ псори къызэщІэдубыдэну, абыхэмкІэ цІыхухэм сэбэп дахуэхъуну. СФР-м и унафэщІ Бакъ Николай и нэІэ щІэтщ ди зэгухьэныгъэр икІи щІалэгъуалэм къыхалъхьэ жэрдэм псори къыддеІыгъ», - жеІэ Марианнэ.

ЩІалэгъуалэ советым и лэжьыгъэр федеральнэ рейтингым къыщалъытэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьиблыр и лъабжьэу зэтраухуащ. Абыхэм ящыщщ хэкупсагъэм епха лэжьыгъэр, СВО-м хэтхэм защІэгъэкъуэныр, волонтёрствэмрэ псапэ щІэнымрэ, экологие, спорт, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ проектхэр.

Къудамэхэм я лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэр щІэх-щІэхыурэ хэтщ дзэм къулыкъу щызыщІэхэм я унагъуэхэр дэІыгъыным, фронтым дэІэпыкъуным хуэунэтІа социальнэ проектхэм.

Апхуэдэуи, зэпымыууэ ящІ зауэлІхэм окопэхэм къыщагъэсэбэпыфыну шэху уэздыгъэхэр, хуабэмрэ нэхумрэ щамыгъэщІэн папщІэ, зауэ губгъуэм итхэм зэрызыщІахъумэ сеткэхэр хузэІуащэ. Абыхэм дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэхэм хьэлъэ тонн 20-м щІигъу яутІыпщакІэщ. 2026 гъэм и мазаем СВО-м хэтхэм я бын, Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэм, Запорожскэ, Херсон областхэм къикІа ныбжьыщІэ 3700-м щІигъум папщІэ хэкупсэ программэ ин къызэрагъэпэщауэ щытащ.

КъимыдэкІэ, щІэх-щІэхыурэ хэтщ «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр» акцэми: а проектым ипкъ иткІэ, 2022 гъэм къыщыщІэдзауэ 2026 гъэ пщІондэ абыхэм зэхуахьэсащ школакІуэхэм къагъэсэбэпын Іэмэпсымэ зэхэлъу 3000-м щІигъу. ЩІалэгъуалэ советым и лэжьыгъэм и къалэн нэхъыщхьэу сытым дежи щытщ экологием епха Іуэхумрэ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ. Волонтёрхэр жыджэру хэтщ «Фэеплъ жыг хадэ», «Фэеплъ эстафетэ», «Блокадэ щІакхъуэ», «Георгий лентІыр», «Фэеплъым и шэху уэздыгъэ» республикэ акцэ нэхъыщхьэхэм.

- Дэ зэи дыкъэувыІэркъым, сэри зызгъэпсэхуркъым, си унафэм щІэтхэми апхуэдэ Іэмал естыркъым, - жеІэ советым и унафэщІым. - Тхьэмахуэ къэс зэхыхьэхэр идогъэкІуэкІ: физкультурэ, щэнхабзэ, псапащІэ Іуэхухэр. Зэпымыууэ Сабий унэхэм, Сабий цІынэхэм я унэм докІуэ, Волонтёр, доброволец ІуэхухэмкІэ щІыналъэ центрым быдэу дыдолажьэ. Къыхэгъэщыпхъэщ республикэм и адрей щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм быдэу дазэрыпыщІари.

Джэш Марианнэ «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» и щІыналъэ къудамэм и гъэсакІуэщ икІи абыхэм я проектхэм зэпымыууэ хэтщ. «Дэ сыт щыгъуи «Пашэхэм» дакъуэтщ жысІэмэ, пцІы супсынукъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абыхэм къызэрагъэпэщ зэхыхьэшхуэхэр ядыдоІыгъ. Апхуэдэ дыдэу дадолажьэ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэми, фІыщІэ яхудощІ абыхэм зэрызыкъытщІагъа-къуэм, къетхьэжьэ Іуэхухэр къызэрыддаІыгъым папщІэ, - къыхегъэщ Марианнэ.

СФР-м и лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэм папщІэ мызэ-мытІэу саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ. Зэрылажьэрэ илъэс фІэкІа мыхъуауэ, ар щытекІуащ «Илъэсым и волонтёр» зэпеуэм (III увыпІэ). НобэкІэ советым къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм, Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм къабгъэдэкІ щытхъу тхылъхэр. Ахэр къыпэкІуащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм зэрадэІэпыкъум, нэгъуэщІ Іуэхущ ІапІэхэмрэ цІыхухэмрэ зэрызыщІагъакъуэм.

ЩІалэгъуалэ жыджэрхэм я пашэ пщащэми и зэфІэкІыр щІыналъэ утыкум къыщалъытащ. Джэш Марианнэ и закъуэщ СФР-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм щылажьэхэм ящыщу «СВО-м щыІэхэм зэрадэІэпыкъум папщІэ» медалыр зыхуагъэфэщар, 2024 гъэм ар республикэм и «Илъэсым и волонтёру» къалъытащ, «ЦІыхубэ фронт. ТекІуэныгъэм папщІэ» бгъэхэІу дамыгъэри кърататщ.

«Дэ зэпымыууэ псапащІэу дадоІэпыкъу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, - жеІэ Марианнэ. – ИкІи ар къалэн къытщащІа Іуэхуукъым къызэрытщыхъур, атІэ ди советым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и лъабжьэущ къызэрытлъытэр».

ЩІалэгъуалэ советым республикэм мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэни щегъэзащІэ ІэщІагъэм епхауэ. Илъэс къэс ІуэхущІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт семинархэр ирагъэкІуэкІ, ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ. Урысейм и къэрал хабзэхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм къарыкІыр ІэщІагъэлІхэм гурагъаІуэ. 2022 гъэ лъандэрэ КъБР-м жыджэру щагъэзащІэ «ЩІалэгъуалэ политикэм зегъэужьын» къэрал программэр, абы ипкъ иткІэ волонтёр унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зауэжь: «Экологие», «Щэнхабзэ», «Медиа», «Спорт», «Кибер», нэгъуэщІхэми.

Зи гугъу тщІы ЩІалэгъуалэ советым и лэжьакІуэхэр жыджэру хэтщ республикэ, урысейпсо грант зэпеуэхэм. Апхуэдэу, Прохладнэ, Аруан районхэм щыщ щІалэгъуалэм я лІыкІуэхэр мызэ-мытІэу щытекІуащ «Мэшыкъуэ» Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ форумым хиубыдэ ЩІалэгъуалэ проектхэм я урысейпсо зэпеуэм.

СФР-м и ЩІалэгъуалэ советыр щапхъэ наІуэщ къэрал къулыкъущІапІэхэм ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр социальнэ мыхьэнэ зиІэ лэжьыгъэхэм купщІафІэу зэрыхашэфынумкІэ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ІЭРЫС Іэсият** *ейщ.*

● Урысейм и Кубок

# Телъыджэм къытригъэзакъым

**«Волгарь» (Астрахань) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (0:0). Урысей Федерацэм и Кубок. «ЩІыналъэхэм я гъуэгуанэ», 3-нэ Іыхьэ. Астрахань. «Центральный» стадион. ШыщхьэуІум и 26-м. ЦІыху 13600-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр** Ткаченкэ, Жолобов, Равилов (псори Москва щыщщ).

«**Волгарь**»: Ямпольский, Пелих, Прошкин, Юран (Агаев, 67), Иванов, Ковалевский (Петровский, 60), Дмитриев, Носов (Аносов, 46), Полубояринов, Стрельник (Павлишин, 46), Лесников (Раджабов, 85).

«**Спартак-Налшык**»: Каркаев, Гирзишев, Балъкъыз (Пекъу, 76), Пириев, КІэдыкІуей, Гъуэгузокъуэ, Малкандуев (Черкесов, 61), ХьэцІыкІу, Хьэшыр (Тут, 67), Ибрагимов, Лысенкэ, (ЛІуп, 61).

**Топхэр дагъэкІащ**: Юран, 55 (1:0). Аносовым, 59 (2:0). Ивановым, 88 (3:0).

**Дагъуэ къыхуащІащ**: Полубояриновым, Стрельник, Ибрагимовым, Балъкъызым, Лесниковым, Гъуэгузокъуэм, Гирзишевым, Ивановым.

Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным теухуауэ 2026-2027 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ Іыхьэм ипкъ иткІэ тхьэмахуитІ ипэкІэ Налшык и «Спартак» республикэ стадионым къыщыхъуам иджыри къэс топджэгум дихьэххэр яфІэтелъыджэу топсэлъыхьыж. Дауи, куэдрэ къэхъуркъым 87-нэ дакъикъэм ирихьэлІэу 0:3-уэ зыфІахь гупым, зэуэ зыкъызэкъуихыу, бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжрэ зэІущІэ нэужь пенальтихэмкІэ я хьэрхуэрэгъур хигъащІэу. Телъыджэр щІэтелъыджэр абы къызэрытримыгъэзэжыращ, армырамэ узэсэжа Іуэхугъуэ хъунут. Арати. бэрэжьей кІуам Астрахань къыщыпэщылъ зэІущІэм «Спартак-Налшыкым» фІы гуэрхэр къызэрыщыпэмыплъэм дыхуэхьэзырт. Щхьэусыгъуэхэри мащІэтэкъым.

Япэрауэ, щІыпІэ «Волгарь»-р етІуанэ дивизионым щыджэгуми, зыхэт гупыр «Спартак-Налшыкым» зыкъыщигъэлъагъуэм нэхърэ зы щхьэкІэ нэхъ лъагэт. ЕтІуанэрауэ, куэд дыдэ щІат ди щІалэхэр а командэм зэрытемыкІуэфрэ. Уеблэмэ, иужьу щызэІущІа джэгугъуитхум ящыщу плІым астрахандэсхэр щынэхъыфІат, зэ закъуэм, 2018 гъэм, зэрытемыгъэкІуауэ зэбгъэдэкІыжат. Ещанэрауэ, Астрахань и «Центральный» стадионым изу цІыхур къызэхуэсат я командэр трагъэгушхуэну. Ахэр 13600-м щІигъурт. ТхьэмахуитІ ипэкІэ хуабжьу тфІэкуэду Налшык и «Спартак» стадионым кърихьэлІа цІыху минихым нэблагъэм ар хуэдитІкІэ щІигъурт икІи ди щІалэхэм я джэгукІэм кІэлъыплъу дызэса 150-200-м фІыуэ щхьэдэхырт. Зи гугъу тщІа щхьэусыгъуэхэм хэбгъэхьэж хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Астрахань областымрэ я футбол командэ нэхъыщхьэхэм трагъэкІуадэ мылъкури куэдкІэ зэрызэщхьэщыкІыр. АрщхьэкІэ, а псори лъэныкъуэкІэ укъыщеплъмэт. ЛІыгъэ зэхэгъэкІыпІэр джэгупІэ губгъуэрат.

Стадионым къекІуэлІа цІыху минхэм трагъэгушхуэ «Волгарь»-р занщІу къаруушхуэкІэ ебгъэрыкІуэ хъуащ. Апхуэдэу къызэрыхъуфынум хуэхьэзыр ди щІалэхэм я гъуэр лъэщу кърагъэбыдэкІащ. Абы бгъэдыхьэпІэ зымыгъуэт «Волгарь»-м и футболистхэм щІэх-щІэхыурэ хабзэр къызэпауд хъуащ, къарур тегъэщІапІэ ящІыну я мураду. Москва щыщ судья щІалэщІэм ахэр псынщІэу къызэтригъэувыІащ, хэгъэрейхэм нэхъ «къыхэжаныкІа» цІыхуитІым дагъуэ яхуищІри.

Хуэм-хуэмурэ «Спартак-Налшыкым» и гъуэм топыр къыІуигъэкІуэтащ. Уеблэмэ, ар къаруушхуэкІэ щебгъэрыкІуи къэхъурт, къикІышхуэ щымыІэми. Къыпщыхъурт, мыгувэу налшыкдэсхэм тепщэныгъэр яубыдыну. АрщхьэкІэ, бжыгъэр къызэІуамыхауэ, загъэпсэхуну командэхэр икІыжа иужькІэ «Волгарь»-м и тренер нэхъыщхьэ Колыванов Игорь и унафэм щІэт гупым хилъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм джэгур зэрагъэдзэкІащ.

ЦІыхуитІ яхъуэжауэ хэгъэрейхэм зэІущІэр ирагъэжьэжащ. «Волгарь»-м и джэгукІэм абыхэм псынщІагъэрэ гупсысэрэ халъхьащ икІи дакъикъэ зыбгъупщІ нэхъ дэмыкІыу ехъулІэныгъэ къахуихьащ. Къыхата топыр губгъуэм икІыу къэзылъыта ди гъуащхьэтет Каркаев Хъусей абы кІэлъыплъыхукІэ, Юран Артём кІэлъыпхъэрри гъуэм дигъэкІащ.

Апхуэдэ щІэщхъум налшыкдэсхэр къигъэдзыхащ икІи Носовым и пІэкІэ къихьагъащІэ Аносовым бжыгъэр ирагъэгъэбэгъуащ. Жыжьэу щыту ар къызэуа топми ди гъуащхьэтетыр пэлъэщакъым.

ТхьэмахуитІ ипэкІэ дыкъыдэзыхыжа 87-нэ дакъикъэр къэсыным иджыри сыхьэт ныкъуэм нэблагъэ иІэжт икІи «Спартак-Налшыкым» дэщІхэр щыгугъырт «Алания»-м зэрытекІуа телъыджагъэм къытригъэзэну. Апхуэдэу къэхъуакъым. Уеблэмэ, 88-нэ дакъикъэм кІэух бжыгъэр Ивановым 3:0-м нигъэсащ. Ар нэхъ иныжи хъуфынут, Волгарь»-м и футболистхэм ящыщ зыр зэуа топыр гъуащхьэм техуэу къэмылъеижатэмэ.

Астрахань къыщыхагъащІэу Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм къыхагъэкІами, абы зэрыхэта джэгугъуитІым ди щІалэхэм къэрал псом наІуэ щащІащ (фигу къэдгъэкІыжынщи, «Алания»-ми «Волгарь»-ми зэраІущІар эфир занщІэкІэ «Матч ТВ» федеральнэ телеканалым къигъэлъэгъуащ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэр зыужьыныгъэм и гъуэгум зэрытетыр. Абы хуэфэщэн гулъытэрэ дэІэпыкъуныгъэрэ игъуэтын хуейуэ аращ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**




● ЖыIэгъуэхэр

## Къэзыщэхум псори фIэлъапIэщи...

♦Гуащэр щытепщэм, пщыр щеудыхащ.
♦ЦIыху гъэсэным гъащIэ псо токIуадэ.
♦ГъащIэ гъуэгум утезышэр уи мурадыращ.
♦Иджырей зэманым пIэщIэкIам хуэдизщ къыпIэщIалъхьэжынур.
♦Акъыл зиIэми, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъми, къулыкъу лъагэ зыIэщIэлъми адыгагъэ ябгъэдэмылъмэ, мыхьэнэ иIэкъым.
♦Хъарбызым и теплъэмкIэ и кум илъыр зыхуэдэр къыпхуэщIэнукъым.
♦Гужьеяр губжьам нэхърэ нэхъ Iеижщ.
♦Къэзыщэхум псори фIэлъапIэщи, зыщэм псори фIэпудщ.
♦Уи мыIуэху зепхуэн нэхъ Iуэху тынш щыIэкъым.
♦Лъагъуныгъэри жыыгъэри икъукIэ гъэпщкIугъуейщ.
♦Гуныкъуэгъуэ бынкIэ зимыIэм фIыгъуэ псори Тхьэм къыбгъэдилъхьащ.

КIУРАШЫН Алий.

● Псалъэхэм я мыхьэнэр

### ГукIэкъузыбжьэ

ЩIыхьэхум ехьэлIа хабзэщ. Гъавэр губгъуэм къишыжыным, мэзым пхъэкIэбжьэкIэ къыщIэшыным, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми теухуауэ щIыхьэху щащIкIэ, яужь дыдэ иту къэзыгъэзэжам бжьэ иратырт, дяпэкIэ псоми ятекIуэу лэжьэну, и Iуэху дэкIыну ехъуэхъуэхэрти. А бжьэм «ГукIэкъузыбжьэкIэ» йоджэ.

### ГуфIапщIэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекIуэкI хабзэщ. ЯгъэгуфIа цIыхум зэрагъэгуфIам папщIэ ит тыгъэм «ГуфIапщIэкIэ» йожэ. ЦIыхур унагъуэр щIэгуфIэн хъыбар гуапэ япэу къахуэзыхьам «гуфIапщIэщ» жаIэрти, тыгъэ гуэрхэр иратырт. ГуфIапщIэ адыгэхэм ятырт я унагъуэм къуэ къыхуалъхуамэ, нысэ къыхуашамэ, зэман кIыхькIэ зыпэплъа цIыхум къигъэзэжамэ, хьэщIэ лъапIэ къыхуэкIуамэ, н.къ. ГуфIапщIэ нэхъыбэу зрату щытар ныбжьыщIэхэрт.

### ГуфIапщIэ Iэнэ

ГуфIэгъуэм ехьэлIа хабзэщ. Унагъуэм хъыбар гуфIэгъуэ къыхуэзыхьам ныбжь иIэу щытмэ, апхуэдэу гуфIапщIэ иратыртэкъым, атIэ мэл е джэдкъаз хуаукIырт, шыгъупIастэ Iэнэ къыхуагъэувырти, ягъэхьэщIэрт. «Абы «гуфIапщIэ IэнэкIэ» йоджэ.

## ДжэдыкIэжьапхъэ, шатэпскIэ щIауэ

● Шхыныгъуэ

Дзэху тепщэчым джэдыкIэр иракъутэри, тхъурымбэ къищIыху яудэ. Абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта шыбжий плъыжь IэфI, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа, шатэпс, гуэдз хьэжыгъэ хэудауэ. Ар псори хуэмурэ зэIащIэри, тхъу къэплъа зэрыт тебэм иракIэ. Тебащхьэр трапIэжри, лъэныкъуитIымкIи тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаупщI. Яшх пщтыру, пIастэ, щIакхъуэ, лэкъум и гъусэу.



**Халъхьэхэр** (*цIыхуищ Iыхьэ):* джэдыкIэу – 6, шыбжий плъыжь IэфIу – 1, гуэдз хьэжыгъэу - г 20, тхъууэ - г 30, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

● Да Винчи Леонардэ и хъыбархэр

## ДжэшнэпцIымрэ шындырхъуомрэ

Дэгъуэу къызэщIэрыуа джэшнэпцIым и тхьэмпэ щабэ налкъутыфэхэр, дыгъэм пэлыду, лъагэу иIэтащ. Езым и дахагъэм гухэхъуэ кърищыжу, ар апхуэдизкIэ пагэ хъуати, адрей и гъунэгъу къэкIыгъэхэр ерагъмыгъуейуэ хуэхьыжу арат. Псом хуэмыдэжу зэгуэзыгъэпыпэр къэмыуIэбжьыжу и гъунэгъу дыдэу щыт жыгыжьым и къудамэ гъуарт, езым зызришэкIарт.

- Мыдэ къэдаIуэт, тхьэмадэ! - зэгуэр жыгым зыхуигъэзащ джэшнэпцIым. - Сыт уэ ущIэзэрыхьауэ си лъабжьэм ущIыкIэщIэсыр? ЩIыхьыр зищIысыр пщIэну и чэзу мыхъуауэ пIэрэ? Напэ гуэр уиIэн хуейкъэ, си нэхэм ущамылъагъужыным ихьын!

Жыгыжьым, гурбияным жиIар зэхимыха нэпцI зищIри, зыри къыпидзыжакъым, езым и щхьэ егупсысыжу фэ зытригъэуащ. Ар щымыхъум, джэшнэпцIым абдеж ихъуреягъкIэ зэщIэкIэжауэ блыным хуэдэу щыт пыжьейм зыхуигъэзащ:

- Ей, хэтыт уи цIэр, сщыгъупщэжащ, нтIэ... пыжьей! ПсэупIэ къыдатыжкъым, къуэш, мы уи банэжь папцIэхэм – нэр мэпщIыпщI. КъыбгурымыIуэу ара мы уи къудамэхэм нэхур зэрысхущIахъумэр? ЛъэныкъуэкIэ гъазэ уи къудамэхэр!

Ауэ пыжьейм апхуэдэ псалъэхэм жэуап иритыжыну и щхьэ трилъхьэххакъым, зыщхьэдигъэIухри, езым и щхьэ Iуэху зэрихуэу ежьэжащ.

ДыгъафIэм зезыгъэу шындырхъуоужьым хуэмышэчыжу джэшнэпцIым егиящ:

- Сыноплъри, сыту уакъылыншэ дыдэ мыгъуэ уэ, джэшнэпцI-щхьэщытхъур! А жыгыжьым и къудамэ гъуам и фIыщIэкIэ уопсэу, захуэу удокIей, абы зыкIэрыпщIэурэ. Уи щхьэ къимыхьэу ара пыжьейм и банэжь папцIэ жыхуэпIэхэм къыпхуащIэр? Ахэр мыхъуамэ, уэ фэншэжь цIыкIур узыпэмыплъа хьэщIэхэм щIым щыщ узэращIыжрэ куэд щIат!

Къэгубжьа джэшнэпцIыр абы пэрыуэну хэтат, ауэ зыкъызыфIэщIыжам и жьэр зыщIихыну шындырхъуоужьым хунигъэсакъым:

-Си нэхэм уамылъагъужащэрэт уэ сэбэпыншэжьыр! Убэлыхьу уи фIэщ хъужауэ пщIэншэу лъагапIэхэм ухущIэкъу нэхърэ, уи гъунэгъухэм уадэплъейуэ, акъыл тIэкIу зэбгъэгъуэтамэ нэхъыфIт.

*ЗэзыдзэкIар*
**ХЬЭТУ Пётрщ**.

● ГушыIэ

## Щхьэр хъужмэ, ныбэр узыжынкъым

Индрис махуэ гуэрым Хъуэжэ деж кIуащ:

- Уа, Хъуэжэ, си ныбэр схуэбгъэхъужтэмэ... Дыгъасэ кIапэ мывэрэ пхъэщхьэмыщхьэ цIынэрэ сшхати, ныбэ уз сащIауэ нэху щыху сыжеякъым, хущхъуэ гуэр уимыIэу пIэрэ? – жиIэри.

Хъуэжэ нэмэз щыгъэр къищтэри, зыгуэрхэр щэхуу къибжурэ, Индрис и щхьэм епщэу щIидзащ.

- Зи узыгъуэ кIуэдын, Хъуэжэ, си щхьэм лажьэ иIэкъым, си ныбэращ узэпщэнур, - жеIэ зи ныбэ къыхэлъадэ Индрис.

- Сызэпщэр сэ сощIэж. Ныбэм сыт и лажьэ, лажьэ зиIэр зэдэпшх хъунумрэ мыхъунумрэ зэхэзымыгъэкIыфар арщ. Щхьэр хъужмэ, ныбэр узыжынкъым, - жиIащ Хъуэжэ.

● Хабзэ

## Нэчыхь

ЦIыхухъумрэ цIыхубзымрэ щхьэгъусэ зэрызэхуэхъуар хуит, наIуэ зэращI, унагъуэщIэ къэунэхуар дин хабзэкIэ зэрагъэбыдэ Iуэхугъуэщ. Муслъымэн дин хабзэмкIэ нэчыхьыр щатхым деж, лъэныкъуитIым я цIыхухъу зырыз хах. Абыхэм я Iэ ижьым и Iэпхъуамбэшхуэхэр зэрагъэкъури зэпэщIоувэ. IэпхъуамбитI зэгъэкъуар ефэндым и Iэ ижьымкIэ къызэщIеубыдэри, лъэныкъуитIыр зэрызэхуэарэзымкIэ псалъэ къаIех, итIанэ «нэчыхь духьэ» къебж.

Ипэ зэманым нэчыхьыр хьэрыпыбзэкIэ тхылъымпIэм иратхэрэ цIыхубзым и Iыхьлыхэм иратыжу щытащ е псалъэ зэраухылIахэр гъэзэщIа хъунымкIэ шэс хахырти, абыкIэ Iуэхур яухырт.

Хабзэр ди зэманми щыIэщ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэкIэ ягъэхьэзыра тхылъымпIэ щхьэхуэмкIэ щIагъэбыдэ зэрыша ныбжьыщIэхэм я нэчыхьыр.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **6**. ГъуэгунапщIэ сабэм мэкъу щеуэркъым, ер ... жыгым пщIащэ къыпыкIэркъым. **7**. Пщы зыфIэпщым ... къыпфIещ. **8**. Вым и ... и хьэлъэкъым. **9**. ... дэгъуэр гъусэфIщ. **11**. Малъхъэщ, жыпIэу ... умыщI, щIалэщ жыпIэу къебгъэшэн къыумыгъанэ. **13**. ЗыптхьэщIмэ, нэху ..., уущмэ, гьуэгум хощI. **15**. Уахыхьэныр Iуэхукъым, уакъызэрыхэкIыжын .... **16**. Дыжэф пцIанэ ... . **17**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым. **19**. Уи ... умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу. **22**. Пэжым нэр ... . **24**. Зи бэ ... уриIэзэщ. **25**. УкIытэр и нэгу щIэлъщ, акъылыр и бзэгу ... .

***Къехыу:*** **1**. Зы ... уигу сыкъэкIи, а зыри кунэфу къыщIыкI. **2**. Уэсэпс ... мэшгъэкIщ. **3**. ... щалъху йокIуэлIэж. **4**. Жьыр и ... мэпсэу. **5**. ... пэтрэ щIымахуэм хуогъэтIылъэ. **10**. Iэпхъуамбэхэр зэхуэмыдэ ... зэдошэрыуэ. **12**. Уи ... зэвмэ, дуней псор зэв къыпщещI. **13**. Армум хиса жыгыр ... . **14**. Узыщымыхъум ... къуэлъщ. **18**. Жьы зэрымысым нэмыс илъкъым, щIэ зэрымысым ... илъкъым. **20**. Гуэн щхьэкIэ, ..., жьыщIа щхьэкIэ, фIейщ. **21**. Псыр ..., жапIэр къонэ. **22**. ... из хъужыркъым. **23**. Уи тепIэн ..., уи лъэ укъуэдий.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

**ШыщхьэуIум и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Ержыб. **4**. Къуентхъ. **7**. Ахъшэдэщ. **9**. Уэм. **10**. Ажэ. **11**. Уэрэзей. **12**. Йемен. **14**. Къамыл.

***Къехыу:*** **1**. Вы. **2**. Яе. **3**. Егъэулъий. **5**. Хъысапыл. **6**. Дэлэл. **7**. Аму. **8**. Щай. **13**. Ер. **15**.

# ЛІыхъужь генералым и фэеплът

**Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и «Вымпел» спорт комплексым иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысейм и ЛІыхъужь генерал-майор Канакин Валерэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ УФ-м ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм, шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкІэ и ІэнатІэхэм ІэпщэрыбанэспортымкІэ я спортсмен нэхъ лъэщхэр.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтахэм, къызэгъэпэщакІуэхэм, спортым дихьэххэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ икІи ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ УФ-м и сенатор Кондратюк Николайрэ. ЗэІущІэм кърихьэлІащ икІи ар зэрекІуэкІам кІэлъыплъащ УФ-м и Президентым и лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и дэІэпыкъуэгъу Валиев Айдамир, къэрал, щІыналъэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр, къэралым ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я лІыщхьэхэр, Канакин Валерэ и щхьэгъусэ Маринэ, нэгъуэщІхэри.

Зэпеуэхэм щІамыдзэ щІыкІэ «Вымпел»-м и щІыхьэпІэм деж щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм теухуа теплъэгъуэхэмрэ сурэтхэмрэ, ІэпэІэсэхэм я ІэрыкІхэр. Апхуэдэуи, хьэщІэхэм Іуагъэхуащ ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр.

Къызэхуэсахэм захуигъазэкІэрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек жиІащ иджырей зэхьэзэхуэм къэралым дежкІэ мыхьэнэ ин зэриІэр, Хэкум къулыкъу хуэщІэным зи гъащІэр тыхь хуэзыщІа цІыхум и фэеплъу ар зэрыщытыр.

«Къэралыр фІыуэ зылъагъу хэкупсэм, абы и хъумакІуэм и щапхъэщ Канакин Валерэ. Сэ шэч къытесхьэркъым, зы унагъуэм хуэдэу зэкъуэту, къэралыр яхъумэу дзэ Іуэху хэхам щыІэ ди лъахэгъухэм апхуэдэ цІыхухэр гъуазэ зэрахуэхъум. Щапхъэхэр щыІэщи, ди щІалэхэр Іэмал имыІэу текІуэнущ. ТекІуэныгъэр дэ къэтхьынущ!» - жиІащ республикэм и лІыщхьэм.

Зэхьэзэхуэр къызэрызэрагъэпэщамрэ ар зэрекІуэкІамрэ къызэрыщыхъуам тепсэлъыхьащ абы хэта Самбуров Азэмэт.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым ведомствэхэм я зэхьэзэхуэ инхэр къыщызэрагъэпэщ зэпытщ икІи сыт щыгъуи фІагъ лъагэ иІэу щрагъэкІуэкІ.

Дэтхэнэ зым и дежкІи мыпхуэдэ Іуэхугъуэ ехьэжьам ухэтыныр ІэмалыфІщ и зэфІэкІхэр здынэсыр игъэлъэгъуэнымкІэ, зэпэщІэувэныгъэ гуащІэм хэту текІуэныгъэм щІэбэнынымкІэ. Зэхьэзэхуэхэм тынш яхэткъым, хьэрхуэрэгъухэр къарууфІэрэ Іэзэ защІэрэщ.

Сыхуейт ди унафэщІхэм фІыщІэ яхуэсщІыну мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм дыхэтыну, абыхэм зыхуэдгъэхьэзырыну Іэмалрэ зэманрэ къызэрыдатым щхьэкІэ», - жиІащ спортсменым.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэм медалхэр, кубокхэр, щІыхь тхылъхэр иратащ. Абы хэтахэм гугъэ ящІащ Канакин Валерэ и фэеплъ зэпеуэр хабзэ хъуууэ илъэс къэс Налшык щрагъэкІуэкІыну.

**СЫЖАЖЭ Аскэр.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



# И лъабжьэщ ІуэрыІуатэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щокІуэкІ республикэм и сурэтыщІхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щызэхуэхьэса «Легенды осени» гъэлъэгъуэныгъэр. КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, КъБР-м и Лъэпкъ музейм выставкэр къызэрагъэпэщащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хыхьэу.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ къызэщІеубыдэ УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм хэтхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа, декоративно-прикладной гъуазджэм щыщ, живопись, графикэ, скульптурэ лэжьыгъи 100-м щІигъу. Абы щыболъагъу зэгухьэныгъэм куэд щІауэ хэт художник Іэзэхэми, иджыблагъэ абы хагъэхьа щІалэгъуалэми я ІэдакъэщІэкІхэр. Сурэтхэм нэхъыбэу лъабжьэ яхуэхъуащ ІуэрыІуатэм, мифологием, пасэрей хъыбархэм, лъэпкъ таурыхъхэм къыхэщыж лІыхъужьхэр. Апхуэдэщ Сэтэней гуащэ, Дахэнагъуэ, Япэнэс, Сосрыкъуэ, Иныжьым, Гуащэнэху, Бесльэней ПцІапцІэ, нэгъуэщІхэми я теплъэхэр, нартхэм я джэгукІэхэр.

ІэмэпсымэхэмпсынщІэу зыщаужь ди зэманым иджырей сурэтыщІхэм ІуэрыІуатэр я ІэдакъэщІэкІхэм лъабжьэ зэрахуэхъур куэд и уасэщ. Пасэрей архетипхэм, дамыгъэхэм, нэщэнэхэм зыхуагъазэурэ щэнхабзэ щІэинхэм, цІыхухэм я щыІэкІэ-псэукІэм, гъащІэм щаубыд увыпІэм, фІым, Іейм, лъагъуныгъэм, лІэныгъэм, нэгъуэщІхэми ятеухуа къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыр гъэщІэгъуэнщ. КъызэщІэпкъуэжмэ, сурэтыщІхэм гу лъыдагъатэ лъэпкъхэм къадекІуэкІ щэнхабзэхэмрэ лъапІэныгъэхэмрэ зыхуэдэм, ахэр зэрызэпэгъунэгъум икІи цІыхубэр зэрызэкъуагъэувэм. Къинэмыщlауэ, лэжьыгъэхэм щыдолъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпс къулейр, Налшык къалэ, ХьэтІохъущокъуэм и хадэм пасэм яІа теплъэр, дунейм и «псэ жыгыр», цІыхухэр дэзыхьэх ІэщІагъэхэр, абыхэм яку дэлъ зэгурыІуэр зэрыщапхъэр, нэгъуэщІхэри.

СурэтыщІхэм, скульпторхэм, цІыхубэ ІэпщІэлъапщІэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІахэм еплъхэр къызыхураджэр, зыщыщ лъэпкъми зэрыт динми емылъытауэ, щІыналъэм исхэм яку мамырыгъэ, зэгурыІуэ, пщІэ дэлъынырщ. Лэжьыгъэхэр я плъыфэкІи, зыщыщ жанркІи, темэкІи куэду зэщхьэщыхащ. Апхуэдэщ щІыуэпсым, гъэм и зэманхэм я дахагъэм, удз гъэгъахэм, Іуащхьэмахуэ траухуа сурэтхэр, шэрджэс зауэлІхэм, адыгэ пщащэхэм, нарт эпосым къыхэщ лІыхъужьхэм, цІыху щхьэхуэхэм я портретхэр, скульптурэхэр, графикэхэр, дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщІыкІа зэрызагъэдахэ хьэпшыпхэр, хьэкъущыкъухэр, абджым, бгым къыщыщІах хрусталым щыщ саугъэт цІыкІуфэкІухэр, арджэнхэр, алэрыбгъухэр, нэгъуэщІхэри. Нэхъыщхьэращи, лэжьыгъэхэр гъуазджэм и къарукІэ псыхьащ, малъхъэдисым хуэдэу узыщІашэ, гум дахагъэр къыщагъэуш. СурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэм къыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и щІыуэпсымрэ хуаІэ лъагъуныгъэ инри. Тхыдэр зи лъабжьэ, абы и напэкІуэцІхэм ухэзыгъаплъэ языныкъуэ сурэтхэр блэкІам и гъуджэщ. Псом хуэдэжкъым бжьыхьэ дыщафэм и курыхыр - ар зыпэпщІ хъун щымыІэм хуэдэщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм увыпІэфІ щаубыдащ декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшыпхэм. Саугъэт папщІэу Іыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ уазэрыхуэгуэпэну е унэр зэрыбгъэдэхэну а хьэпшып цІыкІуфэкІухэр дэтхэнэри узыІэпызышэщ, гукъыдэжым хэзыгъахъуэщ. Апхуэдэщ Іэщэфащэхэр, дыщэ, дыжьын бгырыпххэр, бгъэІулъхэр, бзылъхугъэхэм къагъэсэбэп нэгъуэщІ хьэпшыпхэр, цІугъэнэхэр. Дыщэ ІуданэкІэ хэдыкІа, уагъэкІэ гъэдэха, дыщэидэ щІа къэлътмакъхэм, хъыджэбз хьэпшыпхэм къыпхузэІуах лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуэ тхыпхъэхэм я дахагъэр. Абыхэм ухагъэгъуазэ адыгэм и блэкІам, къикІуа тхыдэ гъуэгуанэм, и щэнхабзэ, гъуазджэ хъугъуэфІыгъуэм. ДыщэкІ Іэзэхэм, ІэпщІэлъапщІэхэм я ІэрыкІхэри къехъулІащ, нэр теплъызэрэ гъуазджэм и курых дахагъэкІэ зэхэухуэнауэ. Узыгъэгупсысэщ икІи дахагъэкІэ гъэнщІащ выставкэм хагъэхьа скульптурэхэр, пхъэм, гипсым къыхащІыкІа, ди зэманым пэджэж лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр.

- Илъэс къэс къытхуэмыгъэсу дызыпэплъэ мы зэхыхьэ дахэм зыкъэрезыгъэхьэлІахэм фІэхъус гуапэ фызох! СурэтыщІ гъуазджэм хыхьэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр щызэхуэхьэса мы гъэлъэгъуэныгъэр щІэщыгъуэ зэрыфщыхъунум шэч къытесхьэркъым. Ди республикэм и художникхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щІэх-щІэхыурэ Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщІ хэкухэми щагъэлъагъуэ, - жиІащ КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Театрымрэ балетымрэ я спектакль гъэщІэгъуэнхэри ди къалэм зэрыщагъэувыр и щыхьэтщ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зэрызаужьым.

УФ-м и цІыхубэ художник Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и псалъэм къыхигъэщащ сурэтыщІхэм иджырей гъуазджэм и Іэмалхэр къызэрагъэсэбэпыр, прозэри, усыгъэри, къафэри, теплъэри я ІэдакъэщІэкІхэм зэрыхаухуэнар, гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа куэдым зэрагъэгуфІар, и лэжьэгъухэм я зэфІэкІхэм зэрыригушхуэр.

- Фи лэжьыгъэхэр хуабжьу гъэщІэгъуэн сщыхъуащ. Мыхьэнэ зиІэ щэнхабзэ, гъуазджэ теплъэгъуэ щІэщыгъуэхэр фиІэщ. Мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрымыщІэкІэ сыкърихьэлІащ, япэу сызыхэта Кавказ пленер нэужьым, - жиІащ Репин Илья и цІэр зезыхьэ институтым живописымкІэ и факультетым и декан Зорькин Илья. - Си нэгу щІэкІахэр сигу дыхьащ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсым и дахагъэмрэ и хьэуам и къабзагъэмрэ умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым. Санкт-Петербург щыпсэухэм Кавказ темэр тпэгъунэгъущ, художник Іэзэ, псоми фІэхъус къывэзыхыжа СэвкІуий Хьэмид академием къызэрыщыддэлажьэм къыхэкІыу. Фи ІэдакъэщІэкІ телъыджэхэм, хьэщІэм пщІэрэ гулъытэрэ зэрыхуэфщІым папщІэ фІыщІэ фхузощІ!

СурэтыщІ Аккизовэ Имарэ гъэлъэгъуэныгъэм гъуазджэр фІыуэ зылъагъу цІыху куэд къызэрекІуэлІар, езыхэр зэхуэзэну, зэпсэлъэну, я Іэдакъэ къыщІэкІахэмкІэ зэдэгуэшэну Іэмал зэраІэр гуапэ зэрыщыхъуар жиІащ икІи и лэжьэгъухэм махуэшхуэ выставкэмкІэ ехъуэхъуащ.

КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къаныкъуэ Жаннэ къытеувыІащ илъэсым къриубыдэу художникхэр зэлІэлІа, гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр зытеухуам, абыхэм ІуэрыІуатэм и дуней телъыджэм, гъащІэм и хабзэхэм узэрыхашэм, сурэтыщІхэм абы гукъыдэж къазэрыритым. Жаннэ фІыщІэ яхуищІащ сурэтыщІхэми, выставкэр къызэзыгъэпэщахэми, абы зыкъэрезыгъэхьэлІахэми.

Гъэлъэгъуэныгъэр фокІадэм ику пщІондэ екІуэкІынущ. Абы фыщеплъыну Іэмал фиІэщ Бгъэжьнокъуэхэ Заурбэчрэ Албэчрэ, Зэхъуэхъу Валерэ, Жылэ Анатолэ, Къэрмокъуэхэ Аслъэнрэ Эльмирэрэ, Тумэ Залым, Ахъмэт Лиуан, Кхъуэжь Дианэ, Мыд Іэсият, Щэмей Руслан, Дзэгъэл Іэуес, Тураев Рустам, ДыщэкІ Мурат, Акъсырэ Викторие, Хэжь Алик, ХьэцІыкІу Миланэ, Хьэщхъуэжь (МафІэдз) Динэ, Мэремщауэ Мухьэмэд, Аккизовхэ Сиярэрэ Имарэрэ, ЦІыпІынэ (Елгъэр) Марианнэ, Дэцырхъуей Рузанэ, Ерчэн Евгение, Абей Іэсият, Колкутин Андрей, Зеленская Юлэ, Иванниковэ Ольгэ, Черкесов ТІэхьир, Жэбалы Заирэ сымэ, нэгъуэщІхэми я Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэ купщІафІэхэм. Сурэт гъэщІэгъуэнхэм, хьэпшыпхэм еплъыну дэтхэнэри абыхэм зэрыдахьэхынум, щІэ куэд зэрыхалъэгъуэнум шэч хэлъкъым. Псом хуэмыдэу мыхэр щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн ящыхъунущ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я блэкІам, тхыдэм, лъэпкъ фащэхэм, зэуапІэм къыщагъэсэбэпа Іэщэхэм дихьэххэм. А хьэпшыпхэр, фащэхэр къэзыгъэщІэрэщІэжхэм зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр къазэрыхуэщхьэпэнуми шэч хэлъкъым. А псом къадэкІуэу, щІыналъэм и тхыдэр къызыхэщ а дахагъэм щІэблэр щІэпІыкІынымкІэ гъэлъэгъуэныгъэм къалэнышхуэ егъэзащІэ икІи лъэпкъхэм къакІуа гъуэгуанэр къызыхэщ выставкэм цІыхухэм я псэм дахагъэ, гуапагъэ къызэрыщагъэуушынури уи фІэщ мэхъу. КІэщІу жыпІэмэ, республикэм исхэм гъуазджэм и жанр, унэтІыныгъэ куэд къызэщІэзыубыдэ гъэлъэгъуэныгъэ гукъинэжым зрагъэхьэлІэныр уасэншэщ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.091 • Заказыр №1843

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩІАПІЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А